ФИФI ФЫМЫГЪОПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪОПЩКIУ

АДЫГЕ ХЕКIЫБЗ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№90 (21.498) ● 2009 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м кьыдигъэкIа Указ №78-УП-мкIэ кьащтам, хэтхэм зэхьуэкIынымгъэ зэлъхьэныр и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и УКАЗ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, **унафэ щIы:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м кьыдигъэкIа Указ №78-УП-м ипкъ иткIэ кьащтам, мыпхуэдэ зэхьуэкIынымгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэгъэхьэн мыхэр:

Абрэдж Iэдиб Хьэсэнбий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсынныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Гъэшев Берт Хьэжыуэсэн и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэнымрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ и министрыр;

б) Уянаев Казим Хьэжы-Мурат и къуэм и кьулыкъым зэреджэр мыпхуэдэу кьэхьыр: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ»;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьыхэгъэкIыжын Чеченов А. А., Шипов В. А.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 12-м
№73-УП

●Ди гъунэгъухэм я деж

Сабий унэм тыгъэу компьютерипщI ират

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и делегацэр хэтынут Ставрополь крайм и махуэгъэлъэпIэным теухуауэ накъыгъэм и 16-м екIуэкIыну гуфIэгъэ Iуэхугъэхэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и лЫщкъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ зэгъэрейхэм екъуэхъунурэ Ставрополь крайм и Минераловодческэ районым щыIэ «Колосок» сабий унэм компьютери 10 тыгъэ хуищIынут.

КъызэгъэпэщакIуэхэмкIэ зэрыгауэхамкIэ, гуфIэгъуэ зэхьхьэм сыхьэти 10-м щIидзэнущ. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр «Крепостная гора» тхыдэ-щэнхабзэ комплексым и хэщIапIэм щекIыныщ. Абы цIыхухэм я нэгу зыщагъэужьынущ, творческэ гупхэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ, унагъуэхэм хьщIэхэм Iэнэ кьыщыхуащтэнущ.

«Динамо» стадионым щIыпIэ «Ставрополье-2009»-мрэ Волгоград кьикIа «Ротор»-мрэ я футбол клубхэр щызэIуищIэнущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щахуэхъаш КъБР-м и Театр дэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм (СТД) хэтхэм ящыщ гупым.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМщылажьэ театрэхэм ехьэлIа гукъеуэхэм, зэфIэгъэкIапхъэ Iуэхуэхэм теухуауэ щыта зэIущIэм хэтащ Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир**, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ**, щэнхабзэмкIэ министр **Фырэ Руслан** сымэ, театрхэр я унафэщIхэр, актерхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр.

Кьанокъуэ Арсен зэIущIэр кьыщIэIуихри, япэ псалъэр иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къумахуэ Мухьэдин**. Ар тепсэльыхьащ СТД-м и тхыдэм, лъэпкъ театрхэм я лэжьыгъэм, унафэ пыухыкIа зытещIыхьын хуейуэ къыпытI Iуэхуэхэм. Мухьэдин къыIэта Iуэхугъуэхэм, нэгъуэщIхэми я гугъу ящIу зэIущIэм къыщыпсэльащ Гущэ театрым и унафэщI **Шумахуэ Владимир**, Балъкъэр къэрал драмэ театрым и Iэтащхьэ **Кулиев Борис**, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI **Дау Марнанинэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм зи гугъу щащIа хэм теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●Дыгъуасэ

ЗэфIэгъэкIын хуей Iуэхуэр куэдщ

ЗЭIУЩIЭРкъыхэзIуиха нэужь, **Кьанокъуэ Арсен** абы кьрихьэлIахэм яригъэцIыхуащ республикэм щыIэ хьэщIэ лъапIэр икIи абы фIыщIэ хуищIащ ди щыпIэм егъэджэныгъэр зэрыщекIуэкIым щыгъуазэ зэпщынэ къызэрыкIуам папщIэ. Абы теухуауэ къэпсэльащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ШхьэгъэпсэО Сэфарбий**. Республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэр мы зэманым нэхъыбэу зэлэжь Iуэхугъуэхэм я гугъу щищIым, министрым къыхигъэщащ зи унафэщI министерствэм а Iуэхур иригъэфIэкIуэн папщIэ Iуэху щхьэпэ куэд зэрызэфIихым.

- Фы куэд къызыдэкIуа «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ ди республикэм и курыт еджапIэ псори Интернет-Ауэ дэ апхуэдэ Iэмал диIэщ, компьютеркIэ ахэр къызэрызэгъэпщынэу и гугъу пщIымэ,ику иту еджакIуэ 22-м зы компьютер кьалъос. Ар лэжьыгъэм къыщагъэсэбэныф хьущ егъэджакIуэхэм я процент 75-м щIигъуми, - къыхигъэщащ министрым.

АдэкIэ Шхьэгъэпсэр щхьэхуэу ятепсэльыхьащ егъэджэныгъэр зэрызэхэт Iыхьэ псоми. Апхуэдэу, зи школ кIуэгъуэ мыхьуа сабийхэм драгъэжкIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и гугъу щищIым, абы жиIащ илъэси 2-6 хьу сабийхэм ящыщу цIыху 27638-р (ар апхуэдэ ныбжьым иткIэм я процент 64,3-рэ мэхъу) гъэсапIэ Iуэхущ1апIэхэм зэрекIуалIэр. Урысей Федерацэм а бжыгъэр проценти 6-кIэ щынэхъыбзщ, ауэ, республикэм егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным екъэлIауэ кьащта программэм ипкъ иткIэ, зэман гъунэгъум сабий садхэм екIуалIэ щыкIухэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуэнущ.

- Курыт школхэм зэрыщрагъаджэм и фIагъыр къэIэтыным псом хуэмыдэу ульытэщхьэ хуэдощ. А Iэнатlэр Iыхьэ-Iыхьэкlэ хуэдогъакIуэ егъэджэныгъэм къыщыхалъхьа мардэщIэхэм. Абы хохьэ школакIуэхэм ядж предметхэр федеральнэрэ щIыналъэ-лъэпкъэхэлъхьыгъ гуэшыным нэхъыбзу зэлэжь Iуэхугъуэхэм я егъэджэныгъэ программэщIэхэр къэщтэныр, нэгъуэщIхэри, - пищащ къэпсалъэм. - Мы зэманым пэщIэдзэ класхэм я программэм эдэхэхьащ «хамэ къэралыбзэ», «информатикэ» предметхэр. Дауи, апхуэдэ лъэбакъуэхэр пчын папщIэ, техникэ лъабжьи уиIэу, егъэджакIуэхэмкIи укъыхэгъэпэщауэ щытын хуейщ. тым пыщIа щIэныгъэ диIэщ, 2006 гъэм кьыщыщIэдзауэ республикэм кьыщызэIутхащ икIи зыхуей псомкIи кьызэрегъэпэщауэ лэжьэн щIадзащ курыт школ 13. ДызыхуэкIуэ гъэ еджэгъуэм ирихьэлIэу КъБКъУ-м епхауэ лэжьэнущ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм папщIэ лицей щхьэхуэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкIэм и фIыгъэкIэ зэредгъаджэ щыкIэм и фIабийхэм драгъэжкIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и гугъу щищIым, абы жиIащ илъэси 2-6 хьу сабийхэм ящыщу цIыху 27638-р (ар апхуэдэ ныбжьым иткIэм я процент 64,3-рэ мэхъу) гъэсапIэ Iуэхущ1апIэхэм зэрекIуалIэр. Урысей Федерацэм а бжыгъэр проценти 6-кIэ щынэхъыбзщ, ауэ, республикэм егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным екъэлIауэ кьащта программэм ипкъ иткIэ, зэман гъунэгъум сабий садхэм екIуалIэ щыкIухэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуэнущ.

- Курыт школхэм зэрыщрагъаджэм и фIагъыр къэIэтыным псом хуэмыдэу ульытэщхьэ хуэдощ. А Iэнатlэр Iыхьэ-Iыхьэкlэ хуэдогъакIуэ егъэджэныгъэм къыщыхалъхьа мардэщIэхэм. Абы хохьэ школакIуэхэм ядж предметхэр федеральнэрэ щIыналъэ-лъэпкъэхэлъхьыгъ гуэшыным нэхъыбзу зэлэжь Iуэхугъуэхэм я егъэджэныгъэ программэщIэхэр къэщтэныр, нэгъуэщIхэри, - пищащ къэпсалъэм. - Мы зэманым пэщIэдзэ класхэм я программэм эдэхэхьащ «хамэ къэралыбзэ», «информатикэ» предметхэр. Дауи, апхуэдэ лъэбакъуэхэр пчын папщIэ, техникэ лъабжьи уиIэу, егъэджакIуэхэмкIи укъыхэгъэпэщауэ щытын хуейщ. тым пыщIа щIэныгъэ диIэщ, 2006 гъэм кьыщыщIэдзауэ республикэм кьыщызэIутхащ икIи зыхуей псомкIи кьызэрегъэпэщауэ лэжьэн щIадзащ курыт школ 13. ДызыхуэкIуэ гъэ еджэгъуэм ирихьэлIэу КъБКъУ-м епхауэ лэжьэнущ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм папщIэ лицей щхьэхуэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкIэм и фIыгъэкIэ зэредгъаджэ щыкIэм и фIабийхэм драгъэжкIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и гугъу щищIым, абы жиIащ илъэси 2-6 хьу сабийхэм ящыщу цIыху 27638-р (ар апхуэдэ ныбжьым иткIэм я процент 64,3-рэ мэхъу) гъэсапIэ Iуэхущ1апIэхэм зэрекIуалIэр. Урысей Федерацэм а бжыгъэр проценти 6-кIэ щынэхъыбзщ, ауэ, республикэм егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным екъэлIауэ кьащта программэм

ЕгъэджэныгъэIэнатlэм зыщегъэгъуазэ

●ЗэIущIэхэр

Ди газетым зэрытетащи, Правительствэм и Унэм щызэхэтащ республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм и щытыкIэмрэ адэкIэ зэлэжьыпхъэу кьалъытэхэмрэ теухуа зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и фенеральнэ агентствэм и унафэщI Будаев Николай, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ ДыщэкI Мадинэ, министрхэр, республикэм и куейхэм, кьалэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкIэ куей Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗЭIУЩIЭРкъыхэзIуиха нэужь, **Кьанокъуэ Арсен** абы кьрихьэлIахэм яригъэцIыхуащ республикэм щыIэ хьэщIэ лъапIэр икIи абы фIыщIэ хуищIащ ди щыпIэм егъэджэныгъэр зэрыщекIуэкIым щыгъуазэ зэпщынэ. А Iэнатlэр Iыхьэ-Iыхьэкlэ хуэдогъакIуэ егъэджэныгъэм къыщыхалъхьа мардэщIэхэм. Абы хохьэ школакIуэхэм ядж предметхэр федеральнэрэ щIыналъэ-лъэпкъэхэлъхьыгъ гуэшыным нэхъыбзу зэлэжь Iуэхугъуэхэм я егъэджэныгъэ программэщIэхэр къэщтэныр, нэгъуэщIхэри, - пищащ къэпсалъэм. - Мы зэманым пэщIэдзэ класхэм я программэм эдэхэхьащ «хамэ къэралыбзэ», «информатикэ» предметхэр. Дауи, апхуэдэ лъэбакъуэхэр пчын папщIэ, техникэ лъабжьи уиIэу, егъэджакIуэхэмкIи укъыхэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Ар лэжьыгъэм къыщагъэсэбэныф хьущ егъэджакIуэхэм я процент 75-м щIигъуми, - кьыхигъэщащ министрым.

АдэкIэ Шхьэгъэпсэр щхьэхуэу ятепсэльыхьащ егъэджэныгъэр зэрызэхэт Iыхьэ псоми. Апхуэдэу, зи школ кIуэгъуэ мыхьуа сабийхэм драгъэжкIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и гугъу щищIым, абы жиIащ илъэси 2-6 хьу сабийхэм ящыщу цIыху 27638-р (ар апхуэдэ ныбжьым иткIэм я процент 64,3-рэ мэхъу) гъэсапIэ Iуэхущ1апIэхэм зэрекIуалIэр. Урысей Федерацэм а бжыгъэр проценти 6-кIэ щынэхъыбзщ, ауэ, республикэм егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным екъэлIауэ кьащта программэм зэхьуэкIынымгъэхэр зэлъхьэнущ, зэIущIэпэщ щыIным ди республикэм и школхэри, егъэджакIуэхэри, школакIуэхэри урысейпсо зэпеуэхэм, олимпиадэхэм жыджэру зэрыхэтыр, текIуэныгъэхэри кьызэрыщащ.

КЪАРДЭН Маритэ.

КIыщ Мухьэдинрэ Мосс Жаклинрэ галереер зейхэм я гъусэщ.

КIыщ Мухьэдин ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз сурэтыщI КIыщ Мухьэдин и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур ягъалъэпIануущ Урысейми нэгъуэщI къэралхэми абы и лэжьыгъэхэр зэрыщагъэлъэгъуэнумкIэ. Псом хуэмыдэу Iуэху нэхъыбэ щекIуэкIынущ Мухьэдин и хэкум. Куэд мыщIэу ар Къэбэрдей-Балъкъэрым къокIуэж. Налшык къыщыздэгъэпащ гъэлъэгъуэныгъэхэм, зэIущIэхэм хэтын папщIэ.

МЫ МАХУЭХЭМ КIыщым и сурэтхэр щагъэлъагъуэ Андалузием и кьалащхьэ Севильем дэт «Абадас 47» галереем. Iуэхущ1апIэр зейхэу Патрициа Донярэ Ластра Озборне Аларконрэ екIуу хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ. Абы кьрихьэлIат Севильем и Художественнэ институтым и профессорхэр, сурэтыщI цIэрыIуэхэр, тхакIуэхэр, гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэр, журналистхэр, КIыщым и творчествэр фIыуэ зыльагъуэхэр. Абыхэм жаIэрт Мухьэдин щIэ зэрыхуащIыр, Андалузием зэрыщылажьэм зэрыригушхуэр. Гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлIахэм щыщ куэдым КIыщым и лэжьыгъэщIэхэм щыщ ящэхуащ.

Сыхьэт зыбжанэкIэ екIуэкIа пшыхь дахэр иуха нэужь, хэгъэрейхэри хьэщIэхэри ирагъэблагъащ Художественнэ институтым, КIыщ Мухьэдин и мастер-классым еплъын папщIэ. ЗэIущIэхэм хэта цIыху зыбжанэм жаIащ сурэтыщI цIэрыIуэм и хэкур, кьащалъхуа, кьащыхьуа щIыналъэр зэрагъэлъагъуну зэрыхуейр. Ди гуапэщ абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым дакъыщыпежьну.

МОСС Жаклин,
менеджер.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Конференцым зыхуагъэхьэзыр

●Гу зылъытапхъэ

2009 гъэм накъыгъэм и 20-м сыхьэт 11-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм (Налшык къалэ, ЩоджэнцIыкIум и цIэкIэ щыIэ уэрам, 28) щекIуэкIынущ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и XVI конференцыр.

Конференцым и делегатхэмрэ и хьэщIэхэмрэ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 30-м кьыщыщIэдзауэ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 45 пщIондэ ятхынущ.

●Тэрч куей

Гулъытэ хэха щыхуащI

Жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIузэпэщ щыным ди республикэм гулъытэ хэха щыхуащI.

АПХУЭДЭУ, гъатхэр кьызэрихьэрэ, махуэ уэфIхэр кьагъэсэбэпурэ Тэрч кьалэм и хьэблэхэр ягъэкъэбзащ, къэрал Iуэхущ1апIэхэр зыхуей хуагъэзащ. Мы зэманым ягъэкъабзэ кьалэм кьегъэщIылIа губгъуэхэри, псыхьуэхэри, гуэл Iуфэхэри. А жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру кьыкIыхьэ хьуащ лэжьапIэншэу щысхэр. Куейм жылагъуэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ щыIэ Iуэхущ1апIэм иджы апхуэдэ Iэмал иIэщ. Абы и унафэщI Хьыдэ Олег зэрыжиIамкIэ, мы зэманым жылагъуэ лэжьыгъэхэм кьыхьэну цIыху 800-м нэс щыIэщ. ЦIыхухэр жыджэру кьокIуалIэ, щIыпIэхэр ягъэкъабзэ, ягъэдахэ, къэралым а лэжьыгъэм мыльку щхьэхуэ хухихауэ пэкIуэ пщIэр иратри.

Iуэху кьызэрэпэщыкIэщIэм и фIыгъэкIэ, Тэрч кьалэ и зыгъэпсэхуфIэхэри зыхуей хуагъэзэнущ; удз гъэгъахэр, жыгыщIэ цIыкIуэхэр хасэнущ, тетIысхьэпIэхэр, псыутхэхэр зэрагъэпэщыжынущ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.



Гужьгъэжь шынагъуэ

Бангладеш и къэрал гуэлапхъэхъумэхэм зыкъыщагъэтам щыгъуэ, абы хэтхэр зыкъыгъэфащэ щыкIуэ 526-рэ яубыдащ.

Бангладеш и премьер-министр Вазед Хасин зыкъэзыIэтахэм яжриат, Iэщщэ ягъэтIылъмэ, ахэр зыхуейр зригъащIэу, зэрадзIэпыкьуэнур, армырамэ - кьарукIэ зэрапэщIэуВэнур. Апхуэдэуи хьуащ: етIуанэ махуэм полицэр теуащ зыкъэзыIэтахэм.

ЗэрыжаIэмкIэ, зи улахуэмкIэ мыарэзы дзэпIэхэращ сэлэтхэр кьэзыгъэдэIуари зегъэзгушхуари.

Къыззэрыхъуар къагурыIуэркъым

Мы илъэсым къриубыдэу Великобританием ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм ноутбук 28-рэ щIэкIуэдыкIащ.

- КIуэда компьютерхэм Iуэхущ1апIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм теуха хьыбар щэхуэхэр илъ. Ар къызэрыхъуа щIыкIэр кьыдгурыIуэрэ, шэч зыхъэтщIи ди лэжьакIуэхэм яхэткъым. Дауэ мыхьуами, бзаджащIэхэм я лъэужь диувэнущ, абы и Iуэху зыдохуэз иджыпсту, - жиIащ зыхъумэжьныгъэмкIэ министр Эйнсворт Боб.

Здиунэтlар дэнэ?

Зи судыр Ираным щащIа американ журналистым кьызэралыр ибгынащ, здиунэтIари и уэчылхэм жаIэкъым.

Сабери Роксанэ тIасхъэщIэх Iуэхуэхэр кьрихуэкIыу Ираным щаубыдщ, и судыр щащIэри, илъэси 6 кьыгъэлъхьауэ щытащ, ауэ и уэчылхэм яхуэзэфIэкIат илъэситIым нэскIэ тезырыр ягъэкIущIыну. ООН-мро ЕСмрэ Тегераным куэдрэ елъэIуат журналистыр хуит кьащIыжыну, ауэ илъэситIыр икIыху къаутIыпщакъым. Мы тхьэмахуэм хуит хьужа Сабери европей къэралыгъуэ гуэрым кIуэ кхъухьлъатэм итIысхьащ, здиунэтIар зыми яжримыIэу.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 16, *щэбэт*

◆Ставрополь крайм и махуэщ. Накъыгъэм и ещанэ щэбэтым ягъэлъапIэ.

◆ Тхыдэтх, этнограф, тхакIуэ **Хъан-Джэрий СултIан** кьыщалъхуа махуэщ (1808 - 1842 гъэ.).

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 41-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 24-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъ 43-рэ.

Накъыгъэм и 17, *тхьэмахуэ*

◆СПИД-м илIыкIахэм я дунейпсо фэеплъ махуэщ. 1983 гъэм накъыгъэм и ещанэ тхьэмахуэм трауэхуащ. Урысейм ар кьищтащ 1992 гъэм.

◆Накъыгъэм и 17 - 23-хэм Дюссельдорф (Германие) щекIуэкIынущ теннисымкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.

◆УФ-м и цIыхубэ артисткэ **ДыщэкI КIунэ** кьыщалъхуа махуэщ (1917 - 2004 гъэ.).

◆Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 40-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 25-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 45-рэ.

Накъыгъэм и 18, *блыщхьэ*

◆Европей союзым хьыхэ къэралыгъэхэм зыхъумэжьныгъэмкIэ я министрхэм я зэхуэс Брюссель щекIуэкIынущ.

◆Физикэ-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-мрэ УФ-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щыхьэзIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Хъуэкъуэн Хьэзрэталий** кьыщалъхуа махуэщ.

◆Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 39-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 26-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 47-рэ.

Пэлягиэр зыгъэхъэзырыр КЪАНЫКЪУЭ Анфисэт.

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Зауэ уIухьэмэ, уи Iыхьэ IуэщIыхь.

«Дыщэ щхьэмыж-2009»

АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Краснодар краймрэ и администрацэмрэ я нэIэ щIэту «Дыщэ щхьэмыж -2009» мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэ Усть-Лабинск къалэм щекIуэкI.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Президентым и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ, гъэлъэгъуэныгъэм Адыгейм и «Мейкъуапэ репродуктор заводым» щигъэлъэгъуащ мэкъумэш техникэ зэмылIэужьыгъуэу 11 икIи зэгурыIуэныгъэ зыбжанэ инвесторхэм щаригъыIащ.

ЩIыхуэр яшныж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iуэхущ1апIэхэм улахуэмкIэ щыхуэзыр зтелъу сом мелуаным щIегъу.***

ЩЫТЫКIЭР ягъэзэкIуэжин, щIыхуэхэм я улахуэр Iуэхущ1апIэхэм яшныжьхэм щхьэкIэ, республикэм и прокуратурэм ахэр судым иритащ. Лъэныгъэр зэрекIуэкIым КъШР-м и Президентыр щагъэгъуэзащ.

АхъшэкIэ доIэпыкъу

АБХЪАЗ. ***Банк системэмрэ гъэшI гъэзэж IэнатIэмрэ къыIэтыжын папщIэ, Урысей Федерацэм Абхазыр къигъэзэжащ кредиту сом мелард 1,5-м ноблагъэ иритыну.***

АБЫ ТЕУХУАУЭ Абхъазым и Президент Бэгъэпщ Сергейрэ УФ-м и Премьер-министр Путин Владимиррэ иджыблагъэ Сочэ кьалэ щызэпсэльащ.

- Сом мелард 1,5-р лъэныкъуитIым дежкIи егъэлеяуэ щыткъым. Ахъшэр банк системэмрэ республикэм и гущэ гъэзэжыгъэмрэ къэгъэщIэрэщIэжыным хуэдэтIыпщынущ. Сочэ кьалэ 2014 гъэм Олимпиадэ зэрыщекIуэкIынур къэплъытэмэ, нужьрейм мыхьэнэшхэу иIэщ - гущэ гъэзэгумкIэ ухуэныгъэ материалхэр яшэ хуэнущ, - жиIащ Бэгъэпщ Сергей.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

■Махуэгъэпс ■ЦIыкIурашэ ■Малъхъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
Щэбэт къыдэкIыгъуэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ комитетым

ЖиIар

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Тхыдэм къэхъугъэ къызэрымыкIуэу хыхьа мах уэр къызэрыблагъэм къыхэкIыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ комитетым зыкъыфхуегъазэ. 2009 гъэм накъыгъэм и 21-м илъэси 145-рэ ирокъу нэхъ зауэ кIыхь дыдэхэм, лъыгъажэхэм ящыщу ди къэралым и тхыдэм къыхэна, Кавказ Ищхъэрэр къигъэIурыщIэн мурадкIэ, Урысей пащтыхьыгъуэм къыдищIылIа зауэр зэриухрэ. Сыт хуэдэ зау эми ху эдэу, ари залымыгъэкIэ, гущIэгъуншагъэкIэ гъэнщIат, ку эдым я щхьэр, лъэпкъ щхьэх уэхэм я х экур халъхьащ. Ау э, псом хуэмыдэу, хэщIыныгъэ нэхъыбэ къызыхуихьар адыгэ (шэрджэс) лъэпкъырщ, абы и лъэпкъэгъу абхъазхэмрэ абазэхэмрэщ.

Кавказ зауэр адыгэхэм я дежкIэ лъапсэрых дыдэт. Абы цIыху минищэхэм я гъащIэр ихьащ, лъэпкъым и социально-политикэ зыужьыныгъэр къызэтригъэувыIащ. Псэууэ къэна цIых уипщI къэс бгъу м хэкур ирагъэбгынащ. Урысейм хэт Кавказым нобэ адыгэ мин 700-м нэблагъэ фIэкIа имысмэ, хамэ къэралхэм ахэр мелуани 6-м щыщIегъу.

Тхыдэм къыщыхъу а Iуэхугъуэ хэм къыпхуегъэгъэзэжынукъым, арами, а зауэм къахуихьа насыпыншагъэр лъэпкъым зэи щыгъупщэнукъым. Гъэ дапщэ дэкIами, а зауэм и лIыхъужьхэм, абы и хьэзабыр зышэчахэмрэ хэкIуэдахэмрэ, хэкум ирахуа мухьэжыр ди нэхъыжьыфIхэм яхуэгъэза гупсысэхэр уахътыншэщ! Сыт щыгъуи ди гум илъынущ ди лъэпкъым и щхьэм къриклIуа мыгъуагъэр икIи, быным зэрихабзэу, залымыгъэм ихьахэм я псэр дгъэтыншынущ.

XIX лIэщIыгъуэм тхыдэм хитха напэкIуэцI гузэвэгъуэхэм адыгэхэр дуней псом щракъухьащ, ди лъэпкъэгъу минищэхэм я гъащIэр зэтракъутащ. Ауэ адыгэ лъэпкъым къылъыкъуэкIащ аргуэру зыкъызэриужьыжын къар у. Абы Урысей Федерацэм езым и къэралыгъуэ щиIэжщ. Хамэщ Iым и дыджыр зыгъэва ди хэкуэгъухэр я адэжь лъахэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм нэхъ жыджэру къыхохьэ. Дэ диIэщ щыпсэу къэралхэм пщIэшхуэ къыщыхуащI адыгэ (шэрджэс) диаспорэ.

Фейдэ мыхьэнэншэ гуэр щхьэкIэ е щхьэзыфIэфIагъкIэ блэкIам и фэеплъым ирисондэджэрыныр ди лъэпкъ хьэлкъым. Зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым 1864 гъэм зауэр зэриухар, къыкIэлъыкIуэ илъэсипщI куэдхэм, къэралым и иджырей граждан жылагъ уэ зэкъуэ тыр яухуэ у, Урысейм щыпсэу лъэпкъ псоми социальнэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэ зэрызэдагъуэтар.

БлэкIам ириплъэжкIэрэ, адыгэхэм я нобэрей щIэблэм я мурадкъым къэкIуэнум я щIыбыр х уагъэзэну. Ди пщэдейм и гугъу тщIымэ, тхыдэм худиIэ бгъэдыхьэкIэмкIэ ди еплъыкIэхэр зэпэщIэуэркъым.

Абы къыхэкIыу, нэхъыщхьэр блэкIам ехьэлIа Iуэху хэм дах уэсакъынырщ, адыгэ псоми, зэрыщыту Урысей жылагъуэми я опытхэр зэгъусэу икIи нэсу къэдгъэсэбэпынырщ. Ди тхыдэр дджын, тщIэн щIыхуейр блэкIам дызэщIиIыгъэн папщIэкIэкъым, атIэ ди къэкIуэнум дытелэжьэн щхьэкIэщ.

Тег ушхуауэ ипэкIэ дыплъэн папщIэ, дызыху ей псори нобэ диIэщ - зызыужь демократиер зи лъабжьэ федеративнэ къэрал, лъэпкъ зэхущытыкIэ нэхъ гугъу дыдэхэм хэкIыпIэ къызэрыхуагъуэт Iэмалхэр, зихуэдэ щымыIэ зэкъуэтыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я лъапIэныгъэхэм теухуа зэхэщIыкIыныгъэр, цIыхум и сэбэп зыхэлъхэм тещIыхьа экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер. Аращи, Кавказ зауэм и напэкIуэцIхэм хуэ дэх эр дымыбзыщIу, дыт емышыныхьу къэралым и блэкIам дриплъэж хъунущ. Абы и фэеплъым дызэкъуичынукъым, атIэ дызэкъуигъэувэнущ.

Урысейр зыуэ щытынымрэ абы и зэкъуэ тыныгъэмрэ диIыгъыу, Дунейпсо Адыг э Хасэм къеплъыт э Кавказ зауэм и зэранкIэ адыгэ (шэрджэс) лъэпкъым и щхьэм къриклIуар ягъэзэкIуэжыным теухуа Программэ хэха ягъэхьэзыру къащтэн папщIэ, мы фэеплъ, щыгъуэ махуэхэм ирихьэлIэу Урысей Федерацэм и Президентым, ФедерацэмкIэ Зэху эсым, Урысей Федерацэм и Правительствэм Iэмал имыIэу лъэIукIэ захуэгъэзапхъэу.

Абы дэ дыхуейщ ди хэкуэгъу къэкIуэжынухэм я Iуэхухэр щызэфIэтхкIэ къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ дунейпсо организацэ щхьэхуэхэмрэ дадэлэжьэн щхьэкIэ. Нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ я адэжь хэ кум къэзыгъэзэжыну хуейхэм Урысейм и цIыхум и тхылъыр къызэрырат хабзэр къэгъэщэбэныр.

ДызыгъэпIейтей нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри щыIэщ.

Пащтыхьым и зэманым къазэуа щIыналъэхэм теухуа юбилей Iуэхугъуэхэр Ипщэ Федеральнэ округым зэрыщрагъэкIуэкIым, пащтыхь генерал-къэзэуакIуэхэм я цIэхэр яхуэмыфащэу абыхэм зэрыщаIэтым политикэ щытыкIэр зэщIегъаплъэ, цIыхухэр егъэгубжь. Апхуэдэ акцэхэм я зэранкIэ, тхыдэм и фэеплъым и Iуэхум Кавказ Ищхъэрэм псалъэмакъ къыщокI. Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъ псори нэхъри зэкъуэувэну дыхуеймэ, властым и федеральнэ органхэм апхуэдэ щытыкIэр къызэтрагъэувыIэн хуейщ.

Накъыгъэм и 21-р Адыгэ (шэрджэс) лъэпкъым и щыгъуэ, и фэеплъ махуэ къудейкъым, атIэ къэткIуа тхыдэ гъуэгуанэм дриплъэжу, мыпх уэдэу щыжытIэфыну мах уэщ: зыри тщыгъупщэркъым, гъащIэм къыпещэ. А гъащIэм хэтщ ди лъэпкъым хуэфащэ увыпIэ щиIыгъ щIыпIэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Президент
ДЗЭМЫХЬ Къасбо лэт.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм и лэжьакIуэ пажэ Къалмыкъ Верэ и IэнатIэм илъэс куэд щIауэ жыджэру пэрытщ. Абы КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъ, диплом зэмылIэужьыгъуэхэр, саугъэтхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ. Музейм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным гурэ псэкIэ бгъэдэт Къалмыкъ Верэ нобэ ди псэлъэгъущ.

● Накъыгъэм и 18-р Музейхэм я дунейпсо махуэщ

Лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэр

- Верэ, уи лэжьыгъэм апхуэдизу удэзыхьэхыу хэлъыр сыт?

- КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэм сыщеджа лъэхъэнэм щегъэжьауэ сфIэгъэщIэгъуэнт ди лъэпкъым и блэкIам, къыщIэна щIэинхэм щыгъуазэ зыхуэсщIыну. Арагъэнщ музей лэжьыгъэр къыщIыхэсхари. 1967 гъэ лъандэрэ си гъащIэр абы епха хъуащи, махуэ къэс щIэ гуэр къасщIэу сызыпэрыт IэнатIэр изохьэкI. СызэрылэжьаилъэсI 42-м щыщу илъэс 16-р СурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм щызгъэкIуащ. КъысфIэIуэхутэкъым бостей дахи цIуугъэнэ гуэри, си лэжьыгъэм фIэкIа. Музейм щыIэ ныкъусаныгъэхэр слъагъухукIэ, сагъэпIейтейт, лэжьыгъэм нэхъри сытрагъэгушхуэрт. Гурэ псэкIэ лъэпкъым зэхуихьэсар си деж къыщысакIэ, нэмыс хуэсщIын хуейуэ къэслъытэрти, дэтхэнэ зы хьэпшыпри къыздикIар зэзгъащIэрт.

СурэтыщI гъуазджэр диным къызэремызэгъым къыхэкIыу, ар и пэкIэ димыIэххауэ къалъытэрт. Ауэ хъума хъуат щыгъынхэр, хьэкъущыкъухэр, Iэщэ-фащэхэр, нэгъуэщIхэри.

Си лэжьыгъэм хыхьэрт экспедицэ кIуэнри. Ар музейм къыщыхузэмыгъэпэщым и деж, къэнэжыр нэгъуэщI Iэмал къэлъыхъуэнырт. Апхуэдэ IуэхукIэ куэдрэ къыздэIэпыкъуахэм ящыщщ КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэр.

- Адрей музейхэм сыткIэ къыщхьэщыкIрэ дыдейр?

- ХъумапIэ нэхъыщхьэу мы зыращ республикэм иIэр. Фонд гъэ тIылъыгъэхэр мин 200 мэхъу. Мыхэр егуэшыж археологие, этнографие, гъущIхэкIхэмрэ Iэщэ-фащэхэмрэ, сурэт гъэтIылъыгъэ хэр, Iэрытххэр, тхыдэм ехьэлIа лэжьыгъэ зэхуэхьэсыжахэр жиIэу. Дэ къыдэпхащ Налшык дэт Литературэ, Марко Вовчок, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ музейхэр, Шэджэм дэт Кулиевым и цIэр зезыхьэр, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэр ПащIэ Бэчмырзэ ейуэ Нартан дэтыр, зауэмрэ гуащIэдэкIымрэ ятеухуауэ Май, Прохладнэ къалэхэм щыIэхэр. Гундэлэнрэ Астемырейрэ дэта музейхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэхуащIыжащ.

1921 гъэм къыщыщIэдзауэ яубзыхуа зэралъытэзэрахъумэ гъэпсыкIэм дытетщ. Ар музейм и лэжьыгъэ нэхъ мыхьэнэ зиIэхэм ящыщщ. Апхуэдэу унафэ къащтащ музейхэм щIэлъ хьэпшыпхэр къэпщытэным и IуэхукIи. Мыпхуэдэ лэжьыгъэ зэтеубла щыщымыIам, гугъу дехьащ диIэхэри димыIэхэри дымыщIэу. Иджы хьэпшып псоми я дэфтэр диIэщ. Псалъэм папщIэ, къэхъуащ дыжьын бгырыпх къытIахам и пIэкIэ нэгъуэщI къыщытхуахьыжа. Ауэ езытари, зратари, иратар зыхуэдэри, щратари тхауэ диIэти, зэдгъапщэу а хьэшыпыр армырауэ къыщыщIэкIым, къеIытхакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди хьэпшыпхэр зыдогъэгъуэтыж, дохъумэ. Абыхэм ныкъусаныгъэ гуэр яIэу дригузавэмэ, сурэт тыдох, илажьэхэр къыдогъэлъагъуэри, Мэзкуу идогъэхь, Iэмал зэриIэкIи зыхуей хуагъазэри къытIэрагъэхьэж.

Музейм и лэжьакIуэхэу (*ижьымкIэ къыщыщIэдзауэ*) Лосэн Ларисэ, Шэт Джульеттэ, Щокъарэ Лаурэ, Джырандокъуэ Ланэ.

Ди лэжьыгъэр нэхъри ефIэкIуэнымкIэ дыщогугъ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан.

Къалмыкъ Верэ

- ФызэрылэжьэнуIэмэпсымэхэмкIэ фыкъызэгъэпэща?

- Ди лэжьыгъэхэр псынщIэу зэрыдмыгъэкIуэтэфым и зы щхьэусыгъуэщ компьютерхэм дызэрыщыщIэр. Шэджэм дынэсынумэ, машинэ дызэримыIэм къыхэкIыу, хьэпшыпхэр здэтшэну щIыпIэм щытхунэмыгъэс къохъу. Экспедицэ къызэдгъэпэщыфыркъым, автобус къызэрытхуамыщэхуфым къыхэкIыу.

- Лъэпкъым къыщIэна хьэпшыпхэр зэрызэхуэфхьэсыж щIыкIэр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэнщ.

- ЯгъэпщкIуауэ къыкъуахыжауэ хьэпшыпыфI куэд къэтщэхуфу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ зэфIэкI диIэжкъым. 1994 гъэм иужьрей хьэпшыпу зыIэрыдгъэхьэфар дыжьын зытегъэлъэда лъэрыгъщ. ЦIыхухэм хьэпшыпыфIхэр къытхуахь щхьэкIэ, къытхуэщэхуркъым. Ауэ абыхэм къахокI пщIэншэу къззыгъанэхэри зэман пыухыкIакIэ къыщIэзылъхьэхэри. А Iуэхур ирIгъэжьащ музейм и унафэщIым щIэныгъэмкIэ и къуэдзэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, этнограф Накъ Феликс икIи ар къэралым къыддиIыгъыну дыщогугъ.

Тхыгъэри сурэтхэри зейр
ТАБЫЩ Динарэщ.

● Ди къалэхэм

ХьэрычэтыщIэхэм я мылъкукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым милицэм и участковэ пункту 20 щызэрагъэпэщыж. А лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI къалэм и хьэрычэтыщIэхэм я мылъкукIэ. Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Тюбеев Хъызыр зэрыжиIамкIэ, а IуэхущIапIэхэр хуабжьу зэкIэлъымыкIуэ хъуащ, абыхэм ящыщ куэдым илъэс 20-м щIигъуауэ цIыхуIэ еIусакъым.

МИЛИЦЭМ и участковэ пунктхэр зыхуей хуэгъэзэным, унэлъащIэкIэ, IэмэпсымэкIэ къызэгъэпэщыным мылъку хъарзынэ хухахынущ. Пэшхэм я нэхъыбэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын, языныкъуэхэм реконструкцэ щегъэкIуэкIын хуейщ. Къапщтэмэ, Кэнжэ къащыпэщылъ лэжьыгъэхэр Шыбзыхъуэ Мухьэмэд зи унафэщI «Денеб» фирмэм и пщэ дилъхьэжащ. Абы пэшитIрэ зы кIэлындоррэ зэригъэпэщыжынущ, бжэхэр, уэздыгъэхэр яхуэзэрихъуэкIынущ, сом мини 100-м щIигъу и уасэ унэлъащIэ къахуищэхунущ. Налшык Ленинымрэ Щорсрэ я цIэкIэ щыIэ уэрамхэм тет 6-нэ, 17-нэ пунктхэр Дзыгул Русланрэ Болэт Мухьэмэдрэ зи нэхъыжь «ДАР-98», «Астероид» фирмэхэм зыхуей хуагъэзэнущ.

УнафэщIхэр щогугъ милицэм и участковэ уполномоченнэхэм къыхузэрагъэпэщ апхуэдэ щытыкIэм и фIыгъэкIэ Налшык къалэ округым зэраныгъэу щалэжьым кIэрыхуну.

КУБАДИЕВЭ Нуржан,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Япэ лъэбакъуэ

Анэдэлъхубзэр щIэблэм зэрырагъэдж щIыкIэм куэд щIауэ игъэпIейтейхэм ящыщщ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъу э институтым и ме тодист, егъэджакIуэ нэхъыжь Ацкъан Ритэ. А лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнырщ зыхуэгъэпсар «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм абы иджыблагъэ къыщыдигъэкIа «Анэбзэ» тхылъыр. Сабий садхэм адыгэбзэр щезыгъэджхэм я дэIэпыкъуэгъу хъуа а тхылъ хьэлэмэтым и «лъэтеувэ» институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIат а IуэхущIапIэм и унафэщI профессор **Емуз Нинэ**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ нэхъыжь **Балэ Людмилэ**, егъэджэныгъэмкIэ Налшык департаментым адыгэбзэмкIэ и методист **ЛIыIэщын Людмилэ**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ **Хьэх Сэфарбий**, тхылъыр къыдэгъэкIыным елэжьахэу **Филимоновэ Татьянэрэ Къу эдзокъу э ФатIимэрэ**, республикэм и сабий гъэсапIэхэм я унафэщIхэр, методистхэр, «Анэбзэ» тхылъыр зи лэжьыгъэм къыщызыгъэсэбэп егъэджакIуэх эр, гъэсакIуэх эр, нэгъуэщIх эри. Гу фIэгъуэ зэху эсыр иригъэкIуэкIащ институтым и кафедрэм и унафэщI **Кравцовэ ФатIимэ**.

Япэу утыкур хуит хуащIащ Налшык дэт сабий сад №40-м (унафэщIыр **Хьэкъул Нинэщ**) и гъэсэн цIыкIухэм. Абыхэм ягъэзэщIащ Ацкъаным и тхылъыщIэм ит сабий уэрэдхэр, къеджащ усэхэм, жыIэгъуэхэм, къагъэлъэгъуащ теплъэгъуэ цIыкIухэр. Ахэр зэIущIэм хуигъэхьэзырат я гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэ **Мыгъу элI Тамусэ**. «Ди хабзэ дахэр дымыгъэкIуэ ду, Лъэпкъым хуэфащэу дэ дыкъэхъунщ. Дэ дыадыгэу ди бзэр дымыщIэмэ, ар емыкIу Iейкъэ, уей!» - жызыIэ сабийхэм я нэгум къищырт абыхэм адыгэбзэр фIыуэ зэралъагъур.

Ацкъанрыр и тхылъым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм щиIэ мыхьэнэм теухуауэ зэхуэсым къыщыпсэлъащ Балэ Людмилэ.

- КъытщIэхъуэ щIэблэм анэдэлъхубзэр егъэщIэным, абы и IэфIагъыр нэсу сабийхэм зыхегъэщIэным хуэунэтIащ «Анэбзэ» тхылъыр. Ар сабийм и гупсысэм зезыгъэузэщI, и къэухьым адэкIи зезыгъэужь тхылъщ. Анэм и бзэращ быныр дунейм зэрыхыхьэр, ар зыхуэдэр къызэрищIэр, - жиIащ Балэм. - Ритэ пищащ икIи зригъэужьащ Нало Заур къырихьэжьа Iуэхум. ФIыщIэ ин худощI апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэ лъэпкъым хуэзылэжьа Ацкъаным, абы ар дэзыIыгъа Емуз Нинэ, Кравцовэ ФатIимэ, нэгъуэщIхэми.

Тхылъым и зэхэлъыкIэм, уху экIэм, ихуа тхыгъэх эмрэ методикэ чэнджэщхэмрэ, къызэрапщытэ лэжьыгъэхэмрэ гуэдзэнхэмрэ я купщIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Налшык и сабий сад №31-м и гъэсакIуэ Шал Людмилэ. Институтым и лэжьакIуэ Къулым Риммэ къытеувыIащ анэдэлъх убзэр хъу ма хъунымкIэ сабий садхэм я гъэсакIуэхэм, курыт школхэм бзэр щезыгъэджхэм я лэжьэкIэм куэд зэрелъытам.

- Адыг эбзэр щIэблэм яIурыслъхьащэрэт, абы адэкIи зиужьащэрэт жызыIэ дэтхэнэ гъэсакIуэ-егъэджакIуэм и дежкIи сэбэпышхуэщ Ацкъаным и «Анэбзэр». Абы щыбгъуэтынущ махуэрыбжэ планхэри, тхыгъэхэр зытеухуар сабийхэм ягурызыгъаIуэ сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэри, теплъэгъуэ цIыкIухэм я сценарийхэри. А псоми адыгэбзэр сабийм и дежкIэ нэхъ тынш икIи гурыIуэгъуафIэ ящI, - къыхигъэщащ Риммэ икIи Ацкъаным ехъуэхъуащ и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпыту к уэдрэ у зыншэу лэжьэну.

Мыадыгэ сабийхэр Ацкъаным и тхылъымкIэ ебгъаджэ зэрыхъунумрэ ар балигъхэми зэрахуэщхьэпэнумрэ и псалъэм къыхигъэщащ ЛIыIэщын Людмилэ.

- Илъэс 15 и пэкIэ къалэдэс адыгэ сабийхэр адыгэбзэкIэ дгъэпсэлъэфмэ, ар фIыгъуэшхуэу къэтлъытэу щытащ. Иджы ахэр адыгэбзэкIэ догъэгусысэф, творческэ лэжьыгъэхэр идогъэгъэзэщIэф. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм дыхуэзышэ Iэмалхэм ящыщщ Ацкъаным и тхылъыщIэри, - жиIащ Людмилэ.

Анэдэлъхубзэр сабий садхэм щегъэджыныр езыгъэфIакIуэ тхылъу «Анэбзэр» къилъытащ Хьэх Сэфарбий.

- Тхылъым ихуа тхыгъэхэр иджырей программэщIэм ипкъ иткIэ зэхэгъэуващ, сурэтхэр, псалъалъэ кIэщI, методикэ чэнджэщхэри щIыгъу ащ. Тхылъым итщ ди лъэпкъ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIа рассказ кIэщIхэр, усэ цIыкIухэр, сабий уэрэдхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, псалъэ шэрыуэхэр, къебжэкIхэр, джэгукIэхэр. Ахэр псори цIыкIухэм я ныбжь елъытауэ, Iыхьэ-Iыхьэу гуэшащ, - жиIащ Хьэхым. - ИпэжыпIэкIэ мыпхуэдэ тхылъ япэу диIэу аращ адыгэ хэми, япэ лъэбакъу эр угъурлы тхуре хъу.

ТхылъыщIэмрэ абы и авт орымрэ яхуэгъэза апх уэдэ псалъэ гуапэ куэд щыIуащ зэIущIэм. Ацкъаным и IэрыкIым щытхъуащ ар зи лэжьыгъэм лъабжьэ хуэзыщIауэ щIэблэр зыущий гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр.

ЗэIущIэм и кIэухыу псалъэ иратащ Ацкъаным. Абы фIыщIэ яхуищIащ тхылъыр дунейм къытехьэным хэлIыфIыхьа, и жэрдэмыр къыдэзыIыгъа, щIэгъэкъуэн къыхуэхъуа псоми.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Прохладнэ куей

Жылагъуэхэр ягъэкъабзэ

«РАССВЕТ», «Виноград», «Пашт», «Водник» мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ бэджэндырылажьэхэмрэ жыджэру хэтщ къабзагъэм и мазитI лэжьыгъэхэм. Мыбыхэм я жэрдэмкIэ гъавэ щIапIэхэм я Iэгъуэблагъэхэмрэ мэз лъапэхэмрэ зэщIагъэкъабзэ, гъу эгу Iуфэм Iут жыгхэр яухъуэнщI.

Мэкъумэш лэжьакIуэхэм школакIуэ цIыкIухэр ящIыгъуу Пролетарскэ жылагъуэм и зыгъэпсэхупIэ паркым жыы хъуауэ ит жыгхэр кърауп щIыкIащ, удзыжьхэр, нэгъабэрей пщIащэхэр ягъэс. Апхуэ дэу, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым и хъуреягъыр зыхуей хуагъэзащ. Учебнэ къуажэ цIыкIум къыщыщIэдзауэ Прохладнэ къалэм нэсыху кIуэ гъуэгум и Iуфэм Iут жыгхэм сэху иратащ, уэрамыр и кIыхьагъкIэ ягъэкъэбзащ мы щIыпIэр зэгъэбыдылIауэ илъэс къэс апхуэдэ лэжьыгъэхэр мыбы щызэфIэзыгъэкI Тэрч къалэ мэкъумэш техникумым и студентхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къафэм и дунейпсо махуэр щагъэлъапIэ пшыхь дахэ иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ - «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым зыкъыщигъэлъэгъуащ Профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэм. ГуфIэгъуэр даIыгъыу, а концертым хэтащ КъБР-м, Адыгэ, Ингуш республикэхэм я уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр.

● Пшыхьхэр

Къафэмрэ уэрэдымрэ цIыхупсэр зыIэт дамэщ

ПРОФСОЮЗХЭМ ЩэнхабзэмкIэ я унэм и режиссер нэхъыщхьэ Гумэ Маринэ концертыр къыщызэIуихым къыхигъэщащ къафэр псалъэкIэ къахуэмыIуэтэщI гурыщIэм, дахагъэм я бзэу цIыхум куэд щIауэ къызэрыдекIуэкIыр, абы и махуэр гъэлъэпIэным гулъытэ щхьэхуэ щIыхуащIым и щхьэусыгъуэр.

Концертыр зэхаублащ «Кабардинка»-м и «Махуэшхуэ ислъэмейкIэ». КъБР-м и цIыхубэ артист Сэхъу Хьэсэнрэ УФ-м щIыхь зиIэ и артист ХьэпащIэ Заудинрэ зи пашэ пшынауэ гупым игъэзащIэ макъамэхэм уедэIуэныр, ансамблым и солист Увыж Мурат и къамэгъэджэгу къафэр, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ Щоджэн Ксениерэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Бацэ Аскэрбийрэ я солисту «Кабардинка»-м и «Уэркъ къафэр» плъагъуныр гухэхъуэт.

Хабзэ хъуауэ, «Кабардинка»-м игъэзащIэ макъамэ-хореографие теплъэгъуэ «Псынэм деж» зыфIащар щIэрыщIэу елэжьыжауэ, къэфакIуэ нэхъыбэ хэту ягъэлъэгъуащ. Абы хэтащ Сокъур Мадинэ, Кушмэзокъуэ зэкъуэшхэу Алибэчрэ Аслъэнбэчрэ, ансамблым и цIыхухъу къэфакIуэ гупыр.

Зэныбжьэгъугъэм и джэлэсу, къафэмрэ уэрэдымрэ цIыхупсэр зыIэт дамэу зэрыщытыр къагъэлъагъуэу, утыкум къихьащ КъБР-м, Адыгэ, Ингуш республикэхэм я цIыхубэ, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист Нэхущ Чэримрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Лосэн Тимуррэ. Абыхэм жаIащ цIыхубэм гунэс ящыхъуа уэрэд зыбжанэрэ «Хэхэс пщащэ» уэрэдыщIэмрэ. Ахэр гуапэу ехъуэхъуащ а пшыхьыр зытеухуэжа къэфакIуэхэм.

Концертыр езыгъэкIуэкIа Гумэ Маринэ кIэщIу тепсэлъыхьащ Нэхущ Чэримрэ Лосэн Тимуррэ я лэжьыгъэм, абыхэм Осетие Ищхъэрэ-Аланием цIыху куэд дыдэ къарихьэлIэу иджыблагъэ концерт зэрыщатари къыхигъэщащ. АдэкIэ къэхъуам пшыхьым къарихьэлIахэр IэгуауэшхуэкIэ IущIащ - Осетие Ищхъэрэм и Парламентым и депутат, Владикавказ дэт къэрал университетым и унафэщI, академик Магометов Ахъурбэч утыкум къыщрагъэблагъэм, абы жиIащ ди гъунэгъу республикэм щыпсэухэр Нэхущ Чэрим и макъ дахэмкIэ куэд щIауэ къызэрыдихьэхар. Адыгэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щIыхь зиIэ и артист цIэ лъапIэр къызэрыфIащамкIэ къызэхуэсахэм хъыбар яригъащIэри, республикэм и Iэтащхьэ Мамсуров Теймураз и Iэ зыщIэлъ ЩIыхь тхылъымрэ дамыгъэ лъапIэмрэ абдеж Нэхущым щритыжащ.

- Ди республикитIым щыпсэу лъэпкъхэр зэрызэпыщIа ныбжьэгъугъэ къуэпсхэр зэрыбыдэм щымыгъуазэ мы пшыхьым кърихьэлIауэ си гугъэкъым, - жиIащ Магометов Ахъурбэч. - А зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ зыщI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къызолъытэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ. Нобэ ди нэгу щIэкIри абы щыхьэт тохъуэ. Осетие Ищхъэрэм щыпсэухэм фIы дыдэу ялъагъу «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблыр, абы и зэфIэкIым пщIэшхуэ хуащI икIи къагуроIуэ ар Къэбэрдей-Балъкъэрыр дуней псом къыщезыгъэцIыхуа лъапIэныгъэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. Ауэ «Нэхущ Чэрим»-кIэ зэджэ вагъуэр къызэрацIыхурэ, осетинхэр гуитI-щхьитI хъуащ а тIум япэ ирагъэщынымкIэ. Шэч зыхэмылъыр зыщ - а щIалэм и зэфIэкIым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэн хабзэр зэриIэтырщ, адэкIи нэхъыбэж къехъулIэфыну гуащIэ зэрыхэлъырщ.

КъыхуащIа гулъытэм папщIэ жиIа фIыщIэ псалъэхэм дэщIыгъуу Нэхущ Чэрим осетиныбзэкIэ игъэзэщIа уэрэдыр хьэщIэхэм тыгъэ яхуищIащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, пшыхьыр екIуэкIыху, Нэхущ Чэримрэ Лосэн Тимуррэ Iэгуауэшхуэм щIэту зыбжанэрэ утыкум къызэрырагъэблэгъар, я репертуарым щыщу цIэрыIуэ хъуа уэрэд куэд абдеж зэрыщыжаIар. Нырылъагъут «Кабардинка» ансамблымрэ Нэхущ Чэримрэ Лосэн Тимуррэ зы концертым зэдыхагъэтыныр зигу къэкIахэр я гурыгъуазэм къызэримыгъэпцIар.

Концертым адэкIэ пащащ «Кабардинка»-м и солистхэу Битокъу Оксанэрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Къуэныкъуей Алимрэ ягъэзэщIа ислъэмеймкIэ. Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ «Щолэхъу и хъыбар» макъамэ-хореографие композицэр, «Абхъаз къафэ псынщIэр», «Шапсыгъ лъапэрыщIыр» утыку къизылъхьахэми. Концертым увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ «Кабардинка» ансамблым и пшынауэ гупым ягъэзащIэ пшыналъэхэм.

Къафэм и дунейпсо махуэшхуэр зэрагъэлъэпIар гунэс зэращыхъуар, абы щызэхаха хъыбарыфIхэм зэрыщыгуфIыкIар, пшыхьым къарита гупсэхугъуэр я нэгум къищу цIыхухэр зэбгрыкIыжащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сурэтхэр IЭХЪУЭБЭЧ Илья трихащ.

Бэджэндырылажьэ пашэ ХъутIэжь Алий

Колхозхэр якъутэжа и ужькIэ, къуажэдэс куэд IэнатIэншэ хъуащ. Ауэ щIым и мыхьэнэр зыхэзыщIэхэм «лэжьыгъэ щыIэкъым, дгъуэтыркъым», жамыIэу ар бэджэнду къащтэурэ толэжьыхь. Абы къытрах хъерымкIи я щхьэ, я унагъуэ ягъэпсэужыф. Лэскэн куейм хыхьэ Аргудан къуажэм бэджэндырылажьэхэр псом хуэмыдэу, щыкуэдщ. Абыхэм ящыщщ зи гъащIэ псор щIым езыпха ХъутIэжь Алий.

● Щапхъэ



Я КЪУАЖЭМ Лениным и цIэкIэ щызэхэта колхозым шоферу лэжьэн щыщIидзащ ХъутIэжьым. А зэманым хозяйствэм и тхьэмадэу щыта Тэрчокъуэ Къамболэт губгъуэ лэжьыгъэхэм дихьэх щIалэ жаным гу къылъитэри, агроному иригъэджэну Дагъыстаным игъэкIуащ. IэщIагъэ зригъэгъуэту къыщигъэзэжа япэ махуэхэм щегъэжьауэ хадэхэкIхэр зыгъэкI гупым и унафэщIу ягъэуври, къарагъэза дзыхьыр игъэпэжу, и лэжьыгъэр дагъуэншэу зэфIихыу колхозыр якъутэжыху а IэнатIэм гурэ псэкIэ бгъэдэтащ.

Алий ящыщщ лэжьэкIэщIэм япэу тегушхуахэм. 1992 гъэм, и къуэ нэхъыщIэ Iэузин и дэIэпыкъуэгъуу, бэджэнду щIы къиищтэри, и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпытурэ нобэм къэсащ. ЩIым и пIалъэ зыщIэ IэщIагъэлIым нартыхури, гуэдзри, нэгъуэщI къэкIыгъэхэри хъарзынэу къехъулIэрт, псом хуэмыдэу помидорыр фIыуэ къыхуэхъурт. Абы зэадэзэкъуэр Iуэхум нэхъри тригъэгушхуэри, 2004 гъэм «Дэбагъуэ» зыфIаща мэкъумэш IуэхущIапIэ къызэIуахащ, Iэщ гъэхъунми жыджэру зратащ. Абы къыщыщIадзауэ я хъушэм хагъахъуэ зэпытщ. Иджыпсту Iэщышхуэу 100 яIэщи, 45-р жэмщ, 35-р къаш. Къэрал дэIэпыкъуныгъэхэри тэмэму къагъэсэбэп. Псалъэм папщIэ, мы гъэм щIыгъэпшэрхэмрэ дагъэ гъэсыныпхъэхэмрэ уасэ езэгъырабгъукIэ кърагащ.

- Гъавэмрэ хадэхэкIхэмрэ зехьэныр зэи тыншу щытакъым, - жеIэ Алий. - Ахэр къыщохъулIэнур утемыплъэкъукIыу абы ехьэлIа Iуэхугъуэ псори и чэзум зэфIэбгъэкIмэщ, агротехникэм къигъэувхэр тэмэму бгъэзащIэмэщ.

Къуажэм хадэхэкI щызыщIэ щIалэгъуалэр куэду ХъутIэжь Алий деж чэнджэщакIуэ къокIуэ, абы и лэжьэкIэм зыхагъэгъуазэ. Езыми ахэр зэи игъэщIэхъуркъым.

Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу ХъутIэжь Алий фIыуэ илъагъу лэжьыгъэм жан ещI, и лъэр щIегъэкI.

- Зэманыр и пIэм иткъым. ГъащIэм зэхъуэкIыныгъэ куэдхэр къыщохъу. Дэри ди нэгу щIокI иужьрей илъэсхэм къуажэхэм зыкъызэрауж ыжыр, щIалэгъуалэр мэкъумэш щIэнымрэ Iэщ гъэхъунымрэ зэрытегушхуэр, - къыхегъэщ ХъутIэжьым. - Ар я фIыщIэщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, IэнатIэщIэ зэхуэмыдэхэр къызэIухыным республикэм и унафэщIхэр зэрегугъум. Абы щIалэгъуалэм я лъэр щIегъэкI, я жыджэрагъым хегъахъуэ.

Бэджэндырылажьэ ХъутIэжь Алий и зэфIэкIымрэ ехъулIэныгъэмрэ гулъытэншэ хъуркъым. Ахэр къыщалъытэ районымрэ республикэмрэ щрагъэкIуэкI зэхыхьэхэм, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. И лэжьыгъэфIым папщIэ абы хуагъэфэщащ КъБР-м и Правительствэм, Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министерствэм, Лэскэн район администрацэм я щIыхь тхылъхэр, 2006 гъэм екIуэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэджэндырылажьэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм щытекIуащ. Абы щыгъуэ КъБР-м и Президентым Алий автомашинэ псынщIэ тыгъэ къыхуищIащ, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым фIыщIэ тхыгъэ къыхуригъэхьащ.

ХъутIэжьыр хуабжьу гущIэгъулыщ, гуапагъэрэ цIыхугъэкIэ узэтригъэкIуэнукъым. Зи ныбжь хэкIуэтауэ, нэхъ хуэмыщIауэ къуажэдэсхэм гъавэкIэ, хадэхэкIхэмкIэ ядэIэпыкъу зэпыту къогъуэгурыкIуэ.

Аргудан унагъуэ насыпыфIэ куэд щопсэу. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ ХъутIэжь Алий ейри. Абырэ и щхьэгъусэ Светланэрэ къуищрэ зы пхъурэ зэдапIащ, ирагъэджащ, гъуэгу захуэ трагъэхьащ. Псори унагъуэ щхьэхуэ хъужахэщ. Заудин КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щрегъаджэ, Мурадин милицэм хэтщ, Iэузин и адэм щIыгъуу мэкъумэш IэнатIэм пэрытщ. Я нысищри егъэджакIуэщ. Къуэрылъху пхъурылъхухэр я куэдщи, адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ ахэр я нэ я псэм хуахь. Шэч хэмылъу, апхуэдэ унагъуэ къуэпсыбэхэрщ лъапсэр зыгъэбыдэр, къуажэри жылэри зыдэбагъуэр, къэралым и къэкIуэнум лъабжьэ быдэ хуэхъур.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

• Унагъуэ псэущхьэхэр

Неуэ, неуэ, си шыд цІыкІу!

Фэ къыфхэту къыщІэкІынкъым шыд фІыуэ зымыцІыху, абы фытесу Іэджэми къэжьыхьагъэнщ. Шыдыр дуней псом щыцІэрыІуэ псэущхьэщ, ауэ нэхъ щыІэрахъэр бгылъэ щыпІэхэрщ. Бгырысхэм абы лэжьыгъэ Іэджи ирихэфІагъэкІ. Шыдыр хуабжьу бэшэчщ, къарууфІэщ. ИтІани... ИтІани, кІудым фІыуэ ялъагъуркъым, хуэмыфащэ Іэджи хужаІэ. Хьэл Іуэнтіа зиІэхэм, мыхъумыщІагъэ зылэжьаХэм щхьэкІэ жаІэу зэхэпхынуц: «Шыдым хуэдэу ерыщщ», «Шыдым хуэдэу гурымыкъщ», «Шыдщ ар».

А псори къыхэхкІыр а псэущхьэ телъыджэм и губзыгъагъэмрэ зэфІэкІымрэ тэмэму зымыщІэ куэд зэрыщыІэрщ. Шыдыр фІыуэ зыцІыхуХэмрэ абы и шифэлІыфэм нэсу щыгъуаэзхэмрэ апхуэдэу зэи пхужаІэнукъым.

Шыдыр къарууфІэщ. Ар и кІэбдз лъакъуитІымкІэ зэ зэуа хьэІуцыдзыр щІэх дыдэ къэтэджыжьыфырыкъым. Фэри флъэгъуагъэнщ шыдым жьэхэлъэдэ хьэр тІрабгъуэу къриуду!

Шыдыр хуабжьу гуры хуэщ – зэ зэрыкІуа гъуэгур игъащІэкІэ игъэгъуэщнукъым, илъэс Іэджэ дэкІа нэужьи къегъуэтэж. Уеблэмэ къым дыдэми игъэущыхьырыкъым ар. Къум пшахъуалъэхэм щІыпІэ шынагъуэ куэд яІэщ напІэзыпІэм пшахъуэм ущІахъумэу ежьэжьну. Апхуэдэ щІыпІэхэр шыдхэм къащІэри къыпакІухь, КинокІэ е сурэту флъэгъуагъэнщ пшахъуэщІым зэпрыкІ чырэм и пэ дыдэм зы шыд щыкІу иту кІууэ. Ар гъуэгугъэлъагъэуэу аращ. Абы щыуагъэншэу къегъуэтыф къумышхуэхэм, пшахъуэщІ абрагъуэхэм нэхъ тыншу икІи псынщІэу уэзрыщэпрыкІыну гъуэгур. Махъшэми ещхьу, шыдыр ныбэкІэ бэшэчщ, псы емыфэу махуэ зыбжанэ дехьф.

Мис апхуэдэ псэущхьэ гъэщІэгъэнэу Алыхьым къигъэщІащ шыдыр!



Нащэ

ХадэхэкІхэм яхэткъым помидорымрэ нащэмрэ хуэдэу куэду ящІэ. Нащэр мыхъу щІыкІэ щІадзэри яшх. Абы къыхэкІыуи мы къэкІыгъэм алыджхэм «аорос» фІащащ. «Аорос»-м «мыхъуу» жиІэу къоКІ. Аращ къызытекІыжар урыс псалъэ «огурец» жыхуиІэри. Мыбы, адыгэхэми хуэдэу, балъкъэрхэри «нащэкІэ» йоджэ.

Нащэм къэуатышхуэ щІэлъкъым, ауэ пшхыну гуакІуэщ. Аращ илъэс минихым щІигъуауэ цІыхум щІащІэр, фІыуэ щІальагъур. Индием нащэр ди эрэм и пэкІэ ильэс мин Іэджэкіэ уэзІэбэкІыжмэ щащІэу щытащ. Апхуэдэуи ар пасэрей хьэрыпхэмрэ алыджхэми яцІыхурт. А щІыпІэхэм иджыри куэду щыІэщ езыр-езыру мэзхэм, губгъуэхэм кьщщыкІ нащэ лІэужьыгъуэхэр. Ахэр метр тІощІым нэскІэ дожей.



● Сыт ди мамэхэм тхуапщэфІыр?

А щІыпІэхэм щыпсэухэм апхуэдэ нащэ лІэужьыгъуэхэр жьауэ ядэш папщІэ бжьІупэхэм, бжьхьыбгъухэм щыхасэ. Жьауэ эрадзым и мызакъуэу, абыхэм нащэ жьгъей куэду къапокІэ, ауэ ахэр мащІэу хуэдыджщ.

Ди эрэм и пэщІэдзэм щІы хьурейм и щІыпІэ куэдым нащэр щыІэлъащІыкъащ. А зэманым ар къыщащІыхуащ Китайм, Японием, Ираным, Афганистаным. ИужькІэ а къэралхэм икІри Европэм нэсащ.

Еджагъэшхуэхэм къызэралъытэмкІэ, славян лъэпкъхэм нащэр къызэдрахар Византиерщ. Урысейм а къэкІыгъэр кьщысар сбгъуанэ лІэщІыгъэрщ, ауэ куэду ящІэу, яшхыу щыщІадзар нэхъ иужьыІуэкІэщ - епщыкІуханэ, епщыкІубланэ лІэщІыгъуэрщ.

Къэрал зыбжанэм (Китаймрэ Японием, нэгъуэщІхэми) нащэр зэрагъэкІыр драгъэжейуэщ. Ар щы щхьэфэм зыщыІзыубгъум нэхърэ нэхьыфІу кьалъытэ, нэхь бэв, нэхь ІэфІ хьууэ къабж. Абы и щхьэусыгъуэу жыхуаІэри дыгъэ нэхьыбэ зэригъэтырщ.

Цыхухэм куэдрэ кьахуэщІакъым нащэр Іэфіу е дыджу щІыщытыр. КъызэрыщІэкІымкІэ, ар зэльытар а кьэкІыгъэм хэль веществохэр аращ. Нащэм хэльщ азот, щыгъу, витамин тІэкІу, нэгъуэщІхэри.

Нащэр щІынэуи яшх, ягъэфІэу. Ауэ зи гур узхэм, склероз зиІэхэм я джжкІэ нащэ фІэІур сэбэпкъым. Зи давленэр лъагэхэми ямышхмэ нэхьыфІщ.

Дунейм нащэ лІэужьыгъуэу куэдцыдэ тетщ. Абыхэм ящыщу ди къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщрагъэзэгъауэ хьщІым щІигъу щащІэ. Парникхэм щагъэкІыр лІэужьыгъуэ плІыщІым нос.

БОРЕЙ Рауф.

ХЬЭЦІЫКІУ Хьэсэн

ПцІащхъуэ

Уи бгъэгу цІыкІур
Хужьу кьанэу.
Хэт фІыщІэпс уэ
ПщІигъужа?
Къуаргъхэр щалэм,
Уныкъуэлэу,
УаІэщІэкІыу
Уежьжа?
ПщІащхъуэ дахэ,
Стхьнщи усэ,
Уэ макъамэ
СхущІэтхъэж,
Ар уэ дзрэ
Дызэгъусэу
Ди ныбжьегъуэхэм
ЖедгъэІэж.

Гъатхэ удз

Уз тенджызым
Сэ сыхьтъэ,
Сыхогъуатъхьэ -
СащІодзІу,
Удзхэр я бзэкІэ
Зопсатъэ,
Удзхэм щжуу
Макъ ягъэІу.
Хэт жьзыІэр,
Удзхэр бзэншэу?
Сыт щІыжаІэр?
Хэт щыуар?
ФащІэдзІут
Гъатхэ мазэу
Удз щхъуантІагъэр
Къыщнуам.

АФІЭУНЭ Лиуан

ФщІэну фыхуейкъэ?

Жэщкіэ щэхуу
ЩІы кьритхъурэ
Іэтэ цІыкІухэу
ЗэщІибгъэжу,
И лэжьыгъэм
ПщІэ хуамыщІми,
Ар и гуащІэ
Емыблэжу,
Щытхъу хуэмейрэ
Лэжьэрейм -
Ар зэвгъащІэ:
ЩІыІубнэфщ!

Жэщи махуи
Удзым хэсу,
Зы Іуэху гуэри
ЗригъэкІэсу,
И зэрани
КъуимыгъэкІыу,
Хьэпщхупщ цІыкІухэр
Кьрихуэкіыу,
Гъуэрыгуапщкіуэ
Игъэджэгурэ,
Игъэджэгурэ
Яджджэгуу,
Удзыфабээу
ИраІауэ
ИзыІари
ИмыщІэжмэ -
Ар удзхъумэ
Шындырхъуоц!

Шыдым нэхърэ
Нэхъ иныІуэу,
И тхьэкІумэр
Нэхъ цІыкІуэу,
Зы зекІуэкІэм
Тету кІуэру,
Ар шы ныкъуэ,
Шы ныкъуэщІу,
Езым шыуэ
ЗыкъыфІэщІу -
ФырихьэлІэ
Хъум абы,
Фепльыт цІыкІухэ,
Ар къыдырщ!

Езыр цІыкІурэ
ХъумытІ цІыкІуу,
Нэ имыІэу,
Іэ пымыту,
Пэ пымытрэ
Дзэ Іумыту,
Лъакъуэ закъуэ фІэкІ щІэмыту,
Жэщи махуи губгъуэрыту,
Дадэ баши имыІыгъуу,
УпщІэ пыІэ ин щхьэрыгъуу
Щытмэ -
Мис ар Іэгъэбэгуц!

Къыпычауэ
джэдум ещхьрэ
Джэду пащІэ
ПІий хъужауэ,
Къыпычауэ
Джэдум ещхьрэ

Джэдуукіэ
КІыхь хъужауэ -
Хьэлат къуэлэн
Дахэ щыгъэмэ -
Зиусхьэну
Ар къаплъэнщ!



• ЦІыкІуэм жаІэ

Дыгъужьым ишхынукъым

Илъэситху зи ныбжь Инал цІыкІу и анэм кьыхутригъэува хьэнтхъупсыр хуишхыркъым.

- Умышхынумэ, дыгъужьыжьым сыкъеджэнущ, - жиІащ анэм, Инал игъэшынэу игъэшхэну.

- Мамэ, - жиІащ Инал, - а дыгъужьыжьым мы хьэнтхъупсыр пхуишхын уи гугъэу ара?

* * *

Гъэмахуэ пшхъым и адэм щІыгъуу пщІантІэм дэс Инал уафэмкІэ дэпльейри, уэгу кьитІысхьа мазэ ныкъуэр кьыщилъагъум, игъэщІагъуэу жиІащ:

- Папэ, еплыт, уафэм топ драдзеящ.

Хъуэжэ зегъэпагэ

хэку-хэкукІэ пхъэ ирадзэрэ ди хэкум и пхъэ кьикІмэ, кьуажэ-кьуажэкІэ пхъэ ирадзэрэ ди кьуажэм и пхъэ кьикІмэ, хьэблэ-хьэблэкІэрэ пхъэ ирадзэрэ ди хьэблэм и пхъэ кьикІмэ, хьэблэм лъэпкъ-лъэпкъкІэрэ пхъэ ирадзэрэ ди лъэпкъым и пхъэ кьикІмэ - ди лъэпкъым сэр нэхъ акъыл зиІэІуэ яхэткъым - пащтыхь сыхъуащ, - жиІэри Хъуэжэ зигъэпагэу лІы гупым кьабгъэдэкІыжащ.

Зытхыжар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

- Хэту пІэрэ пащтыхь лІам и пІэ ирагъэувэнур? – жаІэу лІы гуп зэныкъуэкъым Хьуэжэи яхъыхьащ.

-Пащтыхьу ягъэувынур и кьуэ нэхъыщІэрщ, - жиІэрт зым.

- Хьуэуэ, и фызыр ягъэуву зэхэсхащ, - жиІэрт адрейм.

- Иджыри зымі тщІэркъым хэт ягъэувынуми, - яхуидэртэкъым ёщанэм.

Хьуэжэ едаІуэщ, едаІуэри, зыхуэмышыІэу кьахэгуоуащ:

- ПщІэнщэу фызэмыдауэ. ПхъэидзэкІэ хахьу щытмэ, пащтыхьыгъуэр сэ кьыслъысынкІи хъунщ! - жиІэри.

Ар зэхэзыха лІыхэр зэщІэдыхьэщхэри, жаІащ:

- Дауэ хъунт ар, уэ абы урисыт?

- Сэ абы сризырикІщ, ауэ

●КъэкІыгъэцІэхэр

Шэмэджгъэдыргъ (Зверобой)

Шэмэджгъэдыргъыр удз лІэужьыгъуэщ. Урысхэм а удзым щхьэкІэ «зверобой» жаІэ. Адыгэбзэкіэ абы «гъуэжьудз» щІэри иІэщ. Ар гъэмахуэм дыщафэ щІыкІэу мэгъагъэ. Лъабжьэ быдэ иІэщ. Удз хущхьуэхэм ящыщщ.

Шэмэджгъэдыргъым теухуауэ мыпхуэдэ нарт хьыбар щыІэщ.

Тхьэгъэлэдж, жи, зыгъэлІэну узыр кьыщеуэдам мыпхуэдэу жиІащ:

- Иджы сэ куэд сиІэжьхъым, сылІэнущ. СызыгъэлІэну узыр кьыззуэлІащи кьэкІыгъэу щыІэм ящыщ зырызым я лъабжьэ кьыслхуэфхьи тхьэ севгъэлъэІу ахэр кьыфхуэкІыну.

Цыхухэр гупсысэжри:

- Иджы мыбы жиІэри мэхъу, «кьыумыгъэкІ-жиІэрэ елъэІумэ, дигъэунэхъуащ, - жари шэмэджгъэдыргъ удзым и лъабжьэр хуахьащ, ар кьамыгъэкІым я гуапэу. Тхьэгъэлэдж лъабжьэр кьищтэри тхьэ елъэІуащ:

- Дэ ди тхьэу Тхьэшхуэ, мыр мыкІэщхьыу, уэгъуи пэмылъэщу, дунейм мыр зыщыщынэ темыту кьэбгъэкІыну сынолъэІу, -жиІэри, елъэІури апхуэдэу шэмэджгъэдыргъыр кьэнащ, уэгъуми, зыми щымышынэу, быдэу кьэкІыу, и лъабжьэр кьыпхуимычу.

Тхьэгъэлэджи лІащ.

БОЗИЙ Людин

ПцІыІуэпцІышэ

Шыпсэ

Дзыгъуэ ещэу тафэм тет Бажэжьыр къыщилъагъум, Бажэ цІыкІур зэщІэувыІыкІащ.

- ПІо, Бажэжь цІыкІу, щхьэ укъызэпльрэ? - еупщІащ Бажэжьыр.

- Тхьэ, сыныщІопльырамэ, уэ уэзрыщкъыльыфІэр уи фэм къеІуатэ. ТІэкІу хьилагъэм сыхуэбгъэсатэм, псапэ хъунт.

- ПІо, Бажэжь цІыкІу, уэ адэ-анэ укъалъхуакъэ? Хьэмэрэ уафэм укъехуэха?

- Тхьэ, уафэми сыкъемыкъуэха, адэ-ани сыкъалъхуам. Унэхъунум къудрэ, си адэ-анэр сыцІыкІуу лІащ, анэкъилъхуи симыІэу, ибэу сыкъэхъащ.

«Ярэби, тІэкІу щІимыгъатхъэу пІэрэ мы Іейм?» - жиІэрт Бажэжьым игукІэ. ЗымащІэрэ зрилъэфыхьа нэужь:

- Хьунщ, Бажэжь цІыкІу, - жиІащ абы. – Ауэ мы тафэм дытегъэкІ. Мыбы цІыхухэр щыІэхэзокІуэ, фоч зыІыгъи уарохьэлІэ. Накіуэ, мо къуршыщхэм дыдэкІынщи, дыкъэзыльагъу щымыІэу, дылэжьэнщ.

Бажэжь цІыкІур арэзы хъуащ.

Бажэжьыр пъэхъуЗэуцу джабэ нэкІум кІэрохьэ, Бажэжь цІыкІур абы и гъусэщ. Апхуэдэурэ къуршыщхьэм нос. «Дунейм мыр сыткІэ згъэунэхун?» - жиІэу Бажэжьым зепльыхь. Аддэ жыжьэу тафэм къыщелъагъу мафІэ нэху тІэкІу. «ЫкьыІ» - жери, и гупэр абыкІэ гъэзауэ Бажэжьыр мэтІысыр аби, фІалъэ лъакъуитІыр къеІэт.

- Сыт пщІэр, Бажэжь? – ёоупщІ Бажэжь цІыкІур.

- Модэ мо мафІэр плъагъурэ? Мис абы зызогъэу, - жеІэ Бажэжьым.

- Сольагъу, тхьэ. Сэри зезгъэунщ абы, - жиІэщ, Бажэжьым бгъурытІысхьэри, и фІалъэ лъакъуитІыр зэрилъэту, «Уай!» - жиІэри щІыбкІэ зытридзащ.

- Сыт къыпщыщІар, Бажэжь цІыкІу? – еупщІащ Бажэжьыр.

- Мис а мафІэм сыкъисащ, - жиІэри гъынэнащ.

- А, хьэмэ къилъхуа! – губжьащ Бажэжьыр. - Хьилагъэм ухуэхейуэ жыпІати! Модэ жыжьэу кьыщыбло мафІэ нэху тІэкІум сыту укъиса уэ! Уэ ешыр хьилагъэкІэ упсыхьащ! Зегъэхь адэ, хьэ пцІыІуэпцІышэ! - жиІэри Бажэжь цІыкІур хьэ бжьыдзэу игъэлъеящ. Бажэжь цІыкІур, и кІэр и бэкъум диупщІэри, чыцэм хэпкІэжащ.

ПсальэзэкІэлъыхь (Чайнворд)



УпщІэхэр: **1.** Къуаргъ лъэпкъ (грач). **2.** Кьру лъэпкъ (дрофа). **3.** ПсыпщІэ кьуалэбзу (журавль). **4.** Уэрэд дахэу кьизыш бзу цІыкІу лъэпкъ (соловей). **5.** КъэхъункъэщІэнур зышщІэ, тхьэгурымагъуэ. **6.** Жэщым кьэзылъэтыхь бзу (сова). **7.** Уанэм ирагъэса шы. **8.** Кьуажэжь: «Пшэрым и уэд, уэдым и дагъэ».

Жэуап тэмэмыр мы псалъэ гупым кьыхэгъуагъэ:
Уанэш, Уэрэрьиж, вынд, шыгъу, дудакъ, уэрэдэу, жьынду, кьру.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

Дзасэкlэ гъэжьа лы, дзажэ къупщхьэ хэлъу

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

МЭЛ дзажэр грамм 50 - 60 хъу тыкъырурэ зэпауд, псы щlылэкlэ ятхьэщl, дзэху тепщэчым иралъхьэ, яшыу, шыбжий траудэ, бжьын упщlэта халъхьэ, лимоныпс хакlэри фlыуэ lэкlэ зэlащlэ, бжьыныпсыр къыщlакъуэзыкlыурэ. И щхьэр трапlэри, щlылапlэм сыхьэти 3 - 4-кlэ щагъэув, лыр нэхъ щабэ хъун щхьэкlэ. А зэманым къриубыдэу лыр зэ-тlэу зэlыщlын хуейщ.

Щагъэжьэнум и деж лы тыкъырхэм якlэрыпщlа бжьынхэр къыкlэрах, тlэкlу ягъэжэпхъэри, итlанэ дзасэм фlalу. Ар мафlэ дэпкlэ ягъажьэ, дзасэр ягъэкlэрахъуэурэ. Нэхъ тхъуэплъ, дахэ хъун, мэ гуакlуэ къыкlэрихын щхьэкlэ щагъажьэкlэ мэлыщэ дагъэ щахуэ.

Пщтыру lэнэм тепщэчкlэ трагъэувэ, бжьын цlынэ, балыдж э, нащэ гуэлъу. Щlакхъуэ дашх.

Шхыныгъуэр щагъэхьэзыркlэ халъхьэхэр (цlыхуитl lыхьэ): *мэл дзажэу - грамм 400, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 30, лимоныпсу - грамм 50, бжьын цlынэу - грамм 40, шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.*

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Тепlъэгъуэхэр

Налшык паркым сабийхэм зыщагъэпсэхун щlыпlэ куэд иlэщ.

Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

● Хабзэ

Хъыджэбз lэнэ

МЫРИ хабзэ дахэу ди лъэпкъым къыдекlуэкlыу щытащ. Абы щхьэкlэ щlалэгъуалэр хьэблэм хыхьэрти, джэд къыхахырт. Ар хьэгъуэлlыгъуэ зиlа унагъуэм щагъэхьэзырырт, щапщэфlырти, хьэблэм хъыджэбзу дэсым мопхуэдэ щlалэр къедгъэблэгъащэрэт жыхуаlэм, еджэрти къашэрт. Щlалэхэм яхэтынкlэ хъунут хамэ къуажэ щыщхэри. Щlалэгъуалэр джэгурт, гушыlэрт. Гуащэмрэ тхьэмадэмрэ я арэзыныгъэ хэлъу щытмэ, а lэнэм ягъэтlысынкlэ хъунут нысащlэ цlыкlур. Абы щыгъуэ щауэр абы яхыхьэртэкъым. Ауэ нэхъыбэм щауэр хъыджэбз lэнэм бгъэдэсу, нысащlэр и лэгъунэ щlэсу апхуэдэут къызэрекlуэкlыр.

Мыпхуэдэ хъыджэбз lэнэм и деж щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ фlыуэ зэрыцlыхурт, я гухэлъ зэхуаlуатэрт, абы щызэгурыlуэу хъыджэбзым и адэанэм я деж псэлъыхъуэхэр щагъакlуэри мащlэтэкъым. Мыбдежым щауэ къэзышам балигъ хъуа къуэш нэхъыщlэ иlэмэ, къурагъ еупсей ящlырт. Абы кърахыр чэзур уэ къыплъысащ, жаlэу арат. Къурагъ еупсей зэращlамкlэ щlалэм и анэм хъыбар ирагъащlэрти, абы гуфlэшхын хъыджэбз lэнэм къахутригъэувэрт. Щауэм и анэм къилъхуауэ къуэш нэхъыщlэ имыlэмэ, къурагъ еупсей нэгъуэщlым щхьэкlэ ящlыртэкъым, lэнэр къызэзыгъэпэщ щауэм и шыпхъу нэхъыщlэри абы яхэту.

МАФlЭДЗ Сэрэбий.
1994 гъэ.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Жамборэ Владимир иджыблагъэ иригъэблэгъащ Мэздэгу Адыгэ Хасэм и лlыкlуэхэу жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщl Дербит (Мудар) Валерэ, «Русское» ПМК-м и инженер нэхъыщхьэ Жамборэ Виктор, Серноводскэ къуажэ советым и унафэщl Исуп Михаил, Калинин Михаил и цlэр зезыхьэ кооперативым и пашэ Бэрэгъун Борис сымэ. Апхуэдэу зэlущlэм хэтащ КъБР-м хъыбарегъащlэ lэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и министр Пащты Борисрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфlыцlэ Мухьэмэдрэ.

● Лъэпкъ lуэху

Мэздэгу нэхъ гъунэгъу мэхъу

ЖАМБОРЭ Владимир и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ Ставрополь крайм хиубыдэ Курской районымрэ щыпсэу мэздэгу адыгэхэм я псэукlэм, я lуэху зытетым зэрыкlэлъыплъыр икlи нэгъуэщl щlыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэным теухуауэ зэхалъхьа программэм ипкъ иткlэ абыхэм ядэlэпыкъуныр Пащты Борис зи унафэщl министерствэм и пщэ зэрыдэлъыр. Абы ипкъ иткlэ, мэлыжьыхьым и 16-м Мэздэгу къалэм адыгэ щэнхабзэм и махуэ щекlуэкlащ.

Мэздэгу къикlа хьэщlэхэм республикэ унафэщlхэм зэрызыхуагъэзахэм ящыщт КъБКъУ-мрэ КъБКъМА-мрэ я ныбжьыщlэхэр щlагъэтlысхьэнымкlэ, сабийхэм гъэмахуэм ди республикэм зыщагъэпсэхунымкlэ, адыгэбзэмкlэ егъэджакlуэхэр яхуэгъэхьэзырынымкlэ дэlэпыкъуэгъу къахуэхъуну. Апхуэдэу ахэр щlолъэlу КъБР-м и телеканэтынхэм еплъыфын папщlэ ретранслятор ягъэувыну, яку дэлъ зэпыщlэныгъэхэр нэхъ быдэ хъун папщlэ ди хьэрычэтыщlэхэм я lуэхухэр Мэздэгу щызэгра-ублэну, щэнхабзэ зэхыхьэхэр нэхъ щlэх-щlэхыурэ къызэрагъэпэщыну.

Жамборэ Владимир ахэр къигъэгугъащ я лъэlухэр КъБР-м и Президентым и деж нигъэсыжыну икlи Пащты Борис пщэрылъ щищlащ абыхэм къагъэлъэгъуа lуэхугъуэхэр зэфlэха зэрыхъуным и программэ зэхилъхьэну.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфlыцlэ Мухьэмэд къыхилъхьащ КъБР-м и унафэщlхэр Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ Ставрополь краймрэ я lэтащхьэхэм епсэлъылlэну а щlыналъэхэм щыпсэу адыгэхэм (мини 10 мэхъу) къэрал къулыкъу етыным и lуэхукlэ. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ Ставрополь крайм и Курской районым хыхьэ Азэнейрэ Иналхьэблэрэ (Серноводское) я еджапlэр жьы дыдэ зэрыхъуар икlи школыщlэ ухуэнымкlэ дэlэпыкъун зэрыхуейр. «Илъэсым къриубыдэу зэ-тlэу Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ къэрал драмэ театрым и спектаклхэр Мэздэгу къалэмрэ Ставрополь крайм хиубыдэ адыгэ къуажитlымрэ щыгъэлъэгъуэн хуейщ, - жиlащ Хьэфlыцlэ Мухьэмэд. - Налшык «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм куэд мыщlэу къыщыдэкlынущ Къун Николай и «Мэздэгу адыгэхэр» тхылъыр. Нэхъапэм «Адыгэ псалъэ» газетым тетауэ щытащ мэздэгу адыгэхэм я щыlэкlэ-псэукlэхэм щыгъуазэ ухуэзыщl тхыгъэхэр, дяпэкlи lуэхур зэтедублэжынущ. Апхуэдэу Иналхьэблэ яхуедгъэшат тхылъ миным нэблагъэ, иджыри ди мурадщ Налшык щlэуэ къыщыдэкlхэр псори яlэрыдгъэхьэну».

А псом къищынэмыщlауэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и пщэ дилъхьэжащ гъунэгъу республикэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зыщlэлъэlуа, адыгэ спектаклхэр, уэрэдхэр, мультфильмхэр зытет кассетэхэр яхуригъэшэну.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Хъуэхъу

Мэкъумэш лэжьыгъэхэм теухуа и диссертацэр ехъулlэныгъэкlэ пхигъэкlыу техникэ щlэныгъэхэмкlэ кандидат цlэр къызыфlаща Апажэ Мартин Хьэсэнбий и къуэм и lыхьлыхэр, и благъэхэр, и ныбжьэгъухэр йохъуэхъу къыхиха lэщlагъэм гуфlэгъуэшхуэрэ насыпрэ къыхуихьыну, и мурадыфlхэм дяпэкlи и lэр тригъэхуэну.

Унэ зэращlа уэщыжьыр щlыбым щlадзыж

● Псалъэжьхэр

- Мафlэм и гъунэгъу лыр мажьэ.
- Мысымаджэрэ мыныбаджэрэ тхьэмыщкlэкъым.
- Нэм псэр и фыгъуэгъущ.
- Ныбгъуэр жьы хъумэ, адэжынэ мэхъуж.
- Псышхуэм псы цlыкlу хокlуадэ.
- Пхъэдзакlэ закъуэри мафlэ мэхъу.
- Хэхъуэ здэщыlэм хэщlи щыlэщ.
- Унэ зэращlа уэщыжьыр щlыбым щlадзыж.
- Хейм гыбзэр хуэлъашэщи, зыгъэшым хуэбатэщ.

Гъуэрдэгъуэжь унэцlэр къызытекlар

● Къежьапlэ

ЗИ ГУГЪУ тщlы хъыбарыр зытражыlыхьыжа lуэхур къыщыхъуар XVIII лlэщlыгъуэм икlэхэм ирохьэлlэ. Махуэ гуэрым Бахъсэныпс и ижьырабгъумкlэ Къазбэрынэбгым (Къызбрун) и ипщэ лъэныкъуэмкlэ къыщыс Хьэтlохъущыкъуей къуажэм я пщы Адэлджэрийр щакlуэ кlуат. Уэс къесагъащlэти, бгым дэкlыж гуэншэрыкъ лъэужьым гу лъатащ. Лъэужьыр зейр къищlэну бгым дагъэкlа шу гъусэм бгъуэнщlагъым къыщlэкlа лlыжьыр щилъагъум: «Пщы Адэлджэрий къоджэ», - жриlащ. Арщхьэкlэ лlыжьым зигъэхъеякъым: «Къысхуеймэ, езыр кърекlуэ», - жиlэри. lуэхур зытетыр пщым деж щынэсыжым, ар езыр бгым дэкlащ. Бгъуэнщlагъым щынэблагъэм ерэн фалъэшхуэр зыlыгъ, лlыжь мыцlыхур, ибгъу зырызымкlэ щlалэ цlыкlуитl къыщыту, къыпежьащ.

- Сэ мышкъыш лъэпкъым сыкъыхэкlащ, - жиlащ лlыжьым. - Пщыр сыукlри, мы бгым щтапlэ сыкъихьэжащ. Иджы си щхьэр узохьэлlэри сынолъэlу си щэхури хэlущlыlу умыщlыну, сэри сыкъэпхъумэну. Мы щlалитlыр си гъусэщ, абы нэмыщlкlэ шы гуартэ къыздэсхуащ.

Хабзэшхуэ зыхэлъ Адэлджэрий пщым лlыжьыр хуэгъэщlэхъуакъым, икlи я жылэм къыдишэри, щlы дестынихи хупичащ.

- Уи цlэ-унэцlэр lэмалыншагъэкlэ убзыщlын хуей щыхъуакlэ, Темыр-Алий пфlызощ, къан сщlа уи щlалэ цlыкlуитlым Темыркъанрэ Сэлмэнкlэ деджэнщ, - жиlащ Адэлджэрий пщым. - Уи шы гуартэр жылэм ейхэм хэмызэрыхьын щхьэкlэ, Бахъсэныпсым и сэмэгурабгъумкlэ зэпрыгъэкlи, абдеж щыlыгъ, щlалитlым уэста щlыналъэм деж лъапсэ щахуэухуэ, сэри зэрыхъукlэ садэlэпыкъунщ.

Зэманыр кlуэурэ, щlалитlыр, пщыр зэрыщыгугъауэ, лlыгъэ яхэлъу къэхъуащ, унагъуи яухуахэщ. Пщыр зекlуэ щежьэкlэ шу гъусэ ищlхэм а щlалитlыр куэдрэ яхэтт.

Зэгуэрым ди гъунэгъу къумыкъум я деж шыгъажэшхуэ щекlуэкlыу, Адэлджэрий и шу гъусэхэр дэщlыгъуу, мылъкушхуи здишэри абы кlуат. И шыр псоми ефlэкlмэ, ишам хуэдиз мылъку къапихыну, къатемыжмэ, хъугъуэфlыгъуэу здишар къигъэнэну апхуэдэ хабзэ зекlуэрт. Пщым и шу гъусэхэм яхэтт Темыркъан щlалэр. Арати, шыгъажэм и кlэн къыщимыкlауэ, гупсысэм хэтурэ къыздэкlуэжым: «Уэлэхьи, а шыгъуэр дэгъуэтэм», - жиlащ Адэлджэрий псоми къатежа шым щхьэкlэ. Ар Темыркъан щызэхихым: «Атlэ, а шым апхуэдизу ущехъуэпсакlэ ар сэ къыпlэрызгъэхьэнщ», - жиlэри, игъэзэжащ. Пщым и гупыр жылэм къыдэмыхьэжу, Къызбрун бгыщхьэм зыщагъэпсэхуну къэувыlащ. Куэд дэмыкlыу шыгъажэм къыщытежа шыгъуэр lэдэжу иlыгъыу Темыркъан гупым къахыхьэжащ. Ар псоми гъэщlэгъуэн ящыхъуащ.

Шыр щlалэм къидыгъуами, къищэхуами, лlыгъэкlэ къатрихами, зыми къахуэщlакъым. Хьэтlохъущыкъуэпщыр шыгъуэ зэхъуэпсам зэрыцlахуцlэу шэсри, Къызбрунығбгыр хъурейуэ къызэхижыхьащ. Итlанэ щlалэр зыбгъэдишэри, гупым зэхахыу жиlащ: «Уи зэфlэкlым къихьри, шыгъуэ сызэхъуэпсар къысхуэпшащи, уи лlыгъэм хуэзгъэфащэу ар тыгъэ пхузощlыж. «Шыгъуэр дэгъуэщ» зэрыжысlэу лlыгъэщlапlэ уихьащи, нобэ щыщlэдзауэ абы ипкъ иткlэ Гъуэрдэгъуэжь унэцlэр пфlызощ, уэркъ цlэри пхузогъэфащэ».

АРАЩ Гъуэрдэгъуэжь унэцlэм къежьапlэ хуэхъуар. А унэцlэр зезыхьэхэр Хьэтlохъущыкъуей жылэжьым и закъуэщ щыпсэур. Къыхэкlащ а лъэпкъым зи lэужьыфlхэмкlэ зи цlэр фlыкlэ зыгъэlуахэр, къызытепщlыкlыжахэм яхуэфащэу я щlэблэр къагъэхъу.

Нобэми Гъуэрдэгъуэжьхэ я лъэпкъым яхъумэ Хьэтlохъущокъуэхэ зэрахьэу щыта шы lэпслъэпсхэм, хьэкъущыкъухэм ящыщ хьэпшып гуэрхэр. Школ музейм абыхэм фэеплъ къыхуащlауэ щlэтщ Хьэтlохъущокъуэхэ махъсымэ, мэрэмэжьей зракlэу щыта, я дамыгъэр зытелъ кхъуэщынышхуэр.

Зытхыжар
ДЖЭДГЪЭФ Хъусенщ.

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **4.** Гъэм и зэман. **9.** Хадэхэкlыр lисраф зыщl дзыгъуэшхуэ. **10.** Кхъуакlэ кlыхь зыlут lэлъэщl. **14.** «... lэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ». **15.** Уи бзэр къызыгурымыlуэ, уи бзэкlэ мыпсалъэ. **16.** Пхъэlэщэм и пкъыгъуэ, щlы щхьэфэр зэзыгъэдзэкl. **17.** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **18.** lэпслъэпсым щыщщ. **19.** Уафэ лъащlэм къыщызыкlухь «бжьэхуц» гуартэ. **20.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиlэмкlэ, ар нэм хуегъадэ, адэр - дэм. **21.** Еуэкlыпlэ. **27.** Губгъуэхэм, мэзхэм узыщрихьэлlэ пхъэщхьэмыщхьэ. Щыхъуам деж гъуабжафэ къыщlолъадэ. **31.** Лъапэ пыткъым, лъэдиймрэ лъэгуажьэмрэ щlегъанэ. **33.** Хьэпщхупщ шынагъуэ. **34.** lуплъапlэ лъэныкъуэ. **37.** « ... имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ». **41.** Зи чэзур, зи пlалъэр иужькlэ къэс. **42.** Мафlэ бзий кlыхь къыдидзу, уафэм къыщыуэ. **43.** Хьэкlэ-кхъуэкlэ шынагъуэ. **44.** Къэрэшей-Шэрджэсым и цlыхубэ усакlуэ. **45.** Мэлыхъуэ пщыlэм и нэхъыжь. **46.** Щlыгулъым хэс цlыв лъэпкъ. **48.** Пхъэщхьэмыщхьэ.

Къехыу: **1.** Мывэ зэрамыщlэж. **2.** Тонн зыплlыту къэзышэч псэущхьэ. **3.** Зи жылэхэр кърахыу шыгъулъэу къагъэсэбэпу щыта къэб. **5.** Цlыху хьэлэл. **6.** Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужьу цlыхуищ къызыдэкlа къуажэ. **7.** «... зэрымытым lэтэ ирегъэувэ». **8.** Зи дамэхэр дэшея. **11.** Нэщl мазэм зеиншэхэм, хуэмыщlауэ псэухэм ират lыхьэ. **12.** Куэншыб идзыпlэхэми, нэгъуэщl щlыпlэхэми къыщыкl удзыжь, мэлыцыр lисраф ищlу. **13.** Къуажэдэс унагъуэм и щlымахуэ шхыныр, фlэlугъэхэр щихъумэ щlыпlэ. **19.** Дыгъэ къыщlэкlыгъуэм къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ къыщищl плъыжьыгъэ. **22.** Ин, бжьыфlэ. **23.** Китайм щекlуэкlа Олимпиадэм бэнэнымкlэ чемпион щыхъуа адыгэ щlалэ. **24.** lэщ гуп. **25.** Псы фlей ина. **26.** Псы иракlэу е фlэlугъэ иралъхьэу пхъэбгъу пlащlэм къыхэщlыкlа кумбыгъэ ин. **29.** Бдзэжьей лlэужьыгъуэ. **30.** Делэlуделафэ, акъылыншэ. **32.** Ди республикэм пэмыжыжьэ курорт-къалэ. **35.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я муфтий. **36.** Теунэ Хьэчим и повесть. **38.** Игъуэ нэмысу къалъхуа. **39.** Жэщ хъуным и пэ къихуэ зэман. **40.** lэуэлъауэм къыпэlуж макъ. **41.** Псыр ирагъэжэну датlыкlа щlытl. **47.** Жыг лъагэшхуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Накъыгъэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: 5. «Гуащэгъагъ». 7. «Нэхущ». 8. Иуан. 9. Мэлыжьыхь. 12. Къамэ. 13. Журт. 16. Бажэ. 19. Хьэрш. 20. «Хьэтау». 21. Хуэрэджэ. 22. Самбыр. 23. «Лъапсэ». 24. Тебэ. 27. Хужьгъэ. 28. Шкlэщ. 30. Щlасэ. 33. Натlэгъуджэ. 36. Урыху. 37. Мыкъут. 38. Къэбыстэ.

Къехыу: 1. Лацэ. 2. Дзэлыкъуэ. 3. Къады. 4. Лъэпщ. 6. Жанэ. 9. Мамэ. 10. Хьэуа. 11. «Дамэлей». 12. Къэрэгъэш. 14. Тхьэмахуэ. 15. Къуршыбгъэ. 17. Бэракъ. 18. Маисэ. 25. Къэхъун. 26. Хахуэ. 29. Бжьэдыгъу. 31. Хуарэ. 32. Щыкъун. 34. Азэн. 35. Джатэ.

● ГушыIэхэр

Уехынумэ, ех

Хъуэжэ мэжэлlауэ и хэгъэрей гуэрым и деж еблагъэри, ягъэшхэну елъэlуащ.

- Алыхь, иджыпсту хьэзыру мырамысэ фlэкlа зыри симыlэ, - жиlащ унэгуащэм, уэнжакъым дзажэ гъэгъуа фlэлъ пэтми.

Хъуэжэ мырамысэр ишхыу щlидзащ. Арщхьэкlэ мырамысэ къудейр пхуэшхынт - и тэмакъым тенэурэ хуегъэхыртэкъым. Абы нэмыщlкlэ лым и мэр къыщlихьэрти, Хъуэжэ жиlащ:

- Мырамысэ, мырамысэ, уехынумэ, ех, уемыхынумэ мо уэнжакъым фlэдза дзажэ пшэрым урезгъэхьэхынщ!

Ар зэхэзыха унэгуащэр укlытэжри жиlащ:

- Сигу къэкlыжатэкъым, - на, дзажэр зэрыдиlэр, - икlи лы хуигъэжьэри иригъэшхащ.

Сэри зы «lыхь» къыслъыгъэс

Зы чейм иту къашэжа фор Хъуэжэрэ сохъустэмрэ ягуэшыжырт. Сохъустэрат фор къизыгъахъуэри, езым и кхъуэщыным щрикlэм деж «lыхь» жиlэу нэхъыбэ къыщlигъалъэурэ и кхъуэщыным ирикlэрт. Ауэ Хъуэжэ и кхъуэщыным щынэскlэ, из имыщlыпэурэ кърагъахъуэрт.

Хъуэжэ зыкъомрэ абы зыри жриlакъым, иужькlэ хуэмышэчыжу и кхъуэщыныр хуишийри елъэlуащ:

- Кхъыlэ, сохъустэ, сэри зы «lыхь» къыслъыгъэс! - жиlэри.

Джэд лыбжьэ дэгъуэу сощlыф

Зы пщэдджыжь гуэрым Хъуэжэ фыз lэгуиплъэм деж кlуэри еупщlащ:

- Щlэрыкlуэр згъэжьэу пщlыхьэпlэу слъэгъуащи согузавэ, сыту пlэрэ абы къикlыр? - жиlэри.

- Джэд фlыцlэ си lэкlэ фlэзгъэжу и джэдыцыр щlым щlэзмытlэжауэ уи пщlыхьэпlэм къикlыр тэмэму къысхуэщlэнукъым. Кlуэжи, джэд фlыцlэ къысхуэхь! - къыжриlащ Хъуэжэ lэгуиплъэм.

- Джэд фlыцlэ сиlамэ, щlэрыкlуэ згъажьэрэт, сэри джэд лыбжьэ дэгъуэу сощlыф! - жриlэри, Хъуэжэ къыщlэкlыжащ.

ДЖЭДГЪЭФ Аслъэмырзэ.

● Накъыгъэм и 21-р Адыгэхэм я фэеплъ махуэщ

Псапэ влэжьыну фыкъыхудоджэ

2009 гъэм накъыгъэм и 21-м илъэси 145-рэ ирокъу Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ. Ар Адыгэ Хэкум папщlэ зи псэр зытахэм я фэеплъ махуэу ди тхыдэм къыхэнащ.

А махуэм сабийгъашхэ пщlыну, цlыкlухэр бгъэгуфlэну, бгъэгушхуэну фlы дыдэщ. Тыкуэн зыгъэлажьэхэм зыфхудогъазэ накъыгъэм и 21-м фи сату щlыпlэм къыщlыхьэ сабийхэм lэфlыкlэ яхуэфшиину, щыгъуэ махуэм фадэхэкlхэр фымыщэну.

Псапэ щlэныр адыгэхэм игъащlэми къыддекlуэкl lуэхущи, абы псори фыкъыхудоджэ.

КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуlу совет.

● Къуажэхьхэр

Хэт шыбзэкlэ псы къэзыхьар?

- Хьэжыгъэ нэкlу, дэпкъ екlуэж.
- ХьэщlапIэ бзу, бзуужь кlапэху.
- ЩыхупIэ ищIыIукIэ мэзышхуэ.
- Хэт уафэм пкlэлъей езыдзу дэкlуеяр? Хэт шыбзэкlэ псы къэзыхьар? Хэт дзасэкlэ тхъу зыгъэжьар?
- lэмэпсымэншэу унэ зыщl.

Жэуапхэр:
Дыгъэ. Къуалэбзу.
Кхъузанэ. Къанжэ. Щхьэц. Лагъуныкъу, уэтх.

Псэр кlэнщ, зыхьэхум ейщ

● ЖыIэгъуэхэр

- Дунейм дытетын зэрыхуей щlыкlэр lэпхъуамбитхуу дощlэ, ауэ зы lэпхъуамбэ и уасэу дытеткъым.
- Цlыхуитl зэщхьу щыlэкъым жаlэ: цlыхугъэм нэса псори зэщхьщ, къэнанэхэри я шыфэлlыфэкlэ зэхуэдэщ.
- Шэми шхуми имысыр гупсысэ куум нэсакъым.
- Жьыгъэ: ахърэт гъуэгум щыщу псэм къылъысыр щикlуж зэманщ.
- Уи lэщlагъэр уи гъуджэщ.
- Щlалэгъуэм имытхьэлэу къелым гъащlэ къыпоплъэ.
- И щlыхуэ зытелъым лъыхъуэурэ, зи щlыхуэ телъым lууащ.
- Щlэмыупщlэн щхьэкlэ зэщlодэlукl.
- lуэхум тегушхуэн ямыухыу щlегъуэжын щlадзэ.
- И щхьэмкlэ щамылэжьlауэ жызыlэу щытам, и лъабжьэмкlэ щыпщlэн щымыlэу къыфlэщlыжащ.
- Лъагъуныгъэм и кlэм уиплъэжмэ, и пэр сымылъэгъуами нэхъыфlти жыуигъэlэнщ.
- Псэр кlэнщ, зыхьэхум ейщ.
- Я нэхъ хьэщхьэрыlуэу жыхуаlэри зыгуэрым и щlасэщ, я нэхъ лъагъугъуафlэ зыфlащри зыфlэнэджэlуджэ щыlэщ.
- Уи щхьэр щlозыгъэхьар къыптекlуауэ, узытекlуам къыпфlэкlыу ежьэжа хуэдэу ягъэlу.
- Хьыкlэ лlэужьыгъуэхэр: ягъэшынам - пщэкlэ, зыфlэlэфlым - lэплlэкlэ, къэгубжьам - лъабжьэкlэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1,2-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №1528